ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАУ

АДЫГСКОЕ СОВОТ

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№40 (21.948) ● 2011 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 10, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Къэралыр зыдэIэпыкъунухэр зэпеуэкIэ къыхах

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и Президиумым и зэлушIэр КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Чеченов Ануар иригъэкIуэкIащ. Ар Iуэху гуапэкIэ къызэIуахащ - ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ комитетым и унафэщI Мэремыкьуэ Сэфарбий республикэм и транспорт-гъуэгу комплексым зегъэужьынымкIэ бгъэдэль фIыщIэм папщIэ КЪБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм къыхуигъэфэща щIыхь тхылъыр иратыжащ.

АДЭКIэ депутатхэр хэпльащ «КЪБР-м и къэрал мылъкум хиубыдэхэм ящыщу кIыбгъ хьунухэм я спискэм и Iуэхуки» КЪБР-м и Законым зэхъуэкIынигъэхэр хэльхьэным теухуауэ» законым и проектым. А документым кьегъэув Прохладнэ кьалэм щыIэ ямыгъэIэпхъуэ мылъкум хиубыдэ унитIрэ медпунктым и унэмрэ ящэ мыхъунухэм кьыхэгъэкIыпхьэу. Экономикэ политикэмкIэ, мылъкумрэ хьэрычэт IуэхумкIэ комитетым и унафэщI Марьяш Ириной эрэгъкIамкIэ, а уху ныбгъэхэр илъэс куэд льандзэрэ кьыззрамыгъэсэбэпым кьыхэкIыу зэкIэлъымыкIуэ хъуащ, кьыщIэкIыр республикэ бюджетым хальхьэн папщIэ ящэмэ нэхъ тэмэму кьалытэ.

Президиумым и зэлушIэм апхуэдэу щытепсэльыхьащ «2007 - 2011 гъэхэм КЪБР-м хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ зыщегъэужьынымкIэ, абыхэм защIэгъэкъуэнымкIэ республикэ программэ зэхъуэкIынымгъэхэр хэзылъхьэ законопроектми. Кьапщтэмэ, 2011 гъэм мы программэр гъэзэщIэным тригъэкIуэдэну ахъшэр зыхуэхъуэдIыр ирагъэззгъыак «2011 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Iуэхуки» КЪР-м и Законым кьыщыгъэсыжьащ. Абы ипкъ иткIэ документым кьегъэув хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ банкхэм кьыIаха щIэхъуэм, лизингымкIэ зэгурыIуэныгъэхэм проценткIэ ихьэщатыкI ахъшэм щыщу хуапшыныжыр сом мелуани 5-кIэ, хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ и Iэнатlэхэм щрагъэкIуэжI статистикэ кьэхутэныгъэхэм трагъэкIуэдэну хуаутIыпщ ахъшэр сом мин 500-кIэ игъэмэщIэну. Абыхэм кьадэкIуэу, бизнес мурад нэхъыфIхэр гъэбелджылыным хуэунэтIауэ вузхэмрэ курыт Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэмрэ кьэзыыхахэм гъэкьэс ирагъэкIуэжI зэпеуэм щытекIуэжхэм грантхэр етыным трагъэкIуадэ ахъшэр сом мин 500-кIэ нэхъыбэ ящI.

Дыззрыщыгъуаэзщи, Къэбэрдей-Балькъэрыр студентхэм я бизнес мурадхэр игъэззэщIэн, езыхэм кьыззрагъэпэща Iэнатlэхэм зрагъэужьынымкIэ, бизнес мурад нэхъыфIхэр гъэбелджылыным хуэунэтIауэ вузхэмрэ курыт Iэщ1агъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэмрэ кьэзыыхахэм гъэкьэс ирагъэкIуэжI зэпеуэм щытекIуэжхэм грантхэр етыным трагъэкIуадэ ахъшэр сом мин 500-кIэ нэхъыбэ ящI.

«Технопарк» зэхъуэкIа» КЪБР-м и Законым зэхъуэкIынымгъэхэр хэльхьэным теухуауэ» законопроектым и гугъу щищIым, ПромышленностымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымрэ связымкIэ комитетым и унафэщI Мэремыкьуэ Сэфарбий зэрыжиIамкIэ, мы документым хагъэкI технопарким и статусыр зэрагъэув, а статусыр зэрыщхьэщах мардэхэр. Апхуэдэу законым щIагъэкIынымрэ я мурадщ технопарким кьэрал дэIэпыкьунымгъэ зэрырат, апхуэдэ дэIэпыкьунымгъэхэр зэрызэпагъэу щыкIэхэр зыбгъэкIуэ мардэхэр. Законопроектым кьыззрыщыгъэльэгъуамкIэ, технопарким кьэралыр ядэIэпыкьун папщIэ, КЪБР-м и Правительствэм зыхуэфащэ хабзэ мардэ кьыщтэн ныи ахэр технопарким я республикэ реестрым хигъэхьэн хуеиц. Технопарким кьэрал дэIэпыкьунымгъэ етыныжI унафэр кьыдагъэкI хьунущ конкурсхэм кьарикIуаэхэм зтещIыхьауэ.

ЗэIущIэм апхуэдэу щытепсэльыхьащ «КЪБР-м бюджет Iуэхур кьызэрыщIэзрагъэпэщIымрэ бюджет лэжьыгъэр зэрыщIагъэкIуэжIымрэ зтеуэхуауэ», «КЪБР-м и хабзэ мардэхэм я Iуэхуки» , «Бэзэрэм я лэжьыгъэр КЪБР-м кьызэрыщIызэрагъэпэщIым и Iуэхуки» законхэм халъхьэ зэхъуэкIынымгъэхэм.

Депутатхэм кьалытащ 2010 гъэм кьэрал мылъкур уней щIынымкIэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм кьрикIуаэхэм зтеуэхуауэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм кьыхилъхьа отчетыр.

Нщхьэкlэ кьыщыгъэльэгъуа документхэм депутатхэр, Парламентым и Аппаратым и правовой управленэр, зыхуэфащэ Iэнатlэхэр хэпльэрэ елэжьыжа нэужь, республикэм законхэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и зэлушIэм кьыщыхальхьэнущ.

Президиумым и зэлушIэм хэтахэр апхуэдэу хэпльащ законхэр кьыдэгъэкIынымкIэ хуэунэтIауэ Урысей Федерацэм и субъект зыбжанэм я парламентархэм кьагъэхьа жэрдэмхэм.

Кьалэрыхьа материалхэм щыгъуазэ зашIри, зэIущIэм унафэ кьышащтащ **Кьанокьуэ Бесльан Мухьэдин и кьуэм** - УФ-м Наркотикхэр зэрызэблагъэкIым кIэльыплъынымкIэ и федеральнэ кьулыкьущIапIэм и Управленэу КЪБР-м щыIэм щынагъэнщагъэ кьызэрэгъэпэщIымкIэ и кьудамэм мыхьэнэ хэха зиIэ IуэхуэкъиIэ и оперуполномоченнэ нэхъыжьым, **Алборэ Аслъэн Судимэн и кьуэм** - Адыгэ муниципальнэ районым щыIэ «Стар» Шэрэдж кьуажэ жылагъуэм дэт курыт еджапIэ № 1» муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIым, **Габоев Мухьэрбий Назир и кьуэм** - Шэджэм муниципальнэ районым щыIэ «Яныкъуей кьуажэ жылагъуэм дэт курыт еджапIэ» муниципальнэ Iуэхущ1апIэм и унафэщIым, Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ кьулыкьущIапIэм и Управленэу КЪБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэу **Вындыжь Хьусен Хьэсэнбий и кьуэм** - Iуэху хэзакъэ кьызэрэгъэпэщIымкIэ кьудамэм и унафэщIым, **КIуэкIуэ Руслан Мухьэмэд и кьуэм** - «Оперативно-техникэ» кьэлъыплъэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ управленэ» федеральнэ кIэзэонэ Iуэхущ1апIэм и «Л» кьудамэм и унафэщIым и кьуэдзэм, **Кьамбий Зареме Адэлбий и пхъум** - кадрхэмрэ Iэнатlэм кьулыкьу щызыщIэхэм ядэлэжьэнымкIэ кьудамэм и унафэщIым республикэм и Парламентым и Щ1ыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

Президиумым и зэлушIэм нэгъуэщI Iуэху зыбжанэми щыхэплъащ.

БАТЫР Любэ,
КЪБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМ И ПРЕСС-IУЭХУЩ1АПIЭМ И ЛЭЖЬАКIУЭ

Зи псэ хуабагъымкIэ дунейр зыгъэнэхухэр

●Пшыхьхэр

Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм гъатхэпэм и 5-м щекIуэкIащ Щ1ыгубхэм я дунейпсо махуэм ирихьлIэу республикэм и бзылъхугъэхэр щагъэлъапIэ гуфIэгъэ зэIущ1 гуапэ. Уэ1 гъэпсыр махуэщхэр зейхэм яхуэгъэпсакъыхуеджанагъэхэмкIэ гъэшIэрэщIа, гъатхэмрэ лъагъэныгъэмрэ ятеухуэу макьамэхэр щыIу пшыщхэм щIыхь куэд щыгъэхуэсат. Абыхэм яхэтт КЪБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я унафэщIхэр, депутатхэр, жылагъуэм щыщIэрыIуэ щIыхьхэр. Псори хуейт бгъатхэм и дахагъэр, дунейм и щIэрыщIэгъуэр, гъашIэм и Iофыщ1эр псалъэ гуапэхэмкIэ щIыхубгъхэм тыгъэ хуащIыну.

КъБКъУ-м и «Каллисто» гупым зэкIэзащIэ кьафэ дахэкIэ пшыхьэр кьызэIуаха нэужь, утыкум кьихьащ гуфIэгъэр езыгъэкIуэкIыну пщэрыль зыхуащIаэу Урыс театрым и артист Каргаманян Грантрэ Къэбэрдей-Балькъэр телевиденэм и лэжьакIуэ Аттаев Азнорэ. Пшыхьым кьрихьлIа бзылъхугъэхэм хьэуэху дахэкIэ зыхуагъэза нэужь, абыхэм псалъэ ираташ республикэм и щIыхубгъхэм ехьэхъуну зыкъ ирезыгъэхьэлIа, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Меркулов Александр. Кы-

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Меркулов Александр и псалъэ.

зэхуэсахэм ар кьахуеджащ КъБР-м и Президент Кьанокьуэ Арсен Щ1ыхубгъхэм я дунейпсо махуэм и щIыхькIэ республикэм и бзылъхугъэхэм Зорызахуигъаэм.

- Уиагъэм, жьэгу пащхьэм я хъумакIуэу щыт фи фи псэ хуабагъэмкIэ дунейр фогъэнэху, - жиIащ Меркуловым. - ФIыщIэ ин фхудощI фи лъэкIыныгъэхэм папщIэ. Фи щхьэкIэ, фи унагъэкIэ насыпи фиIэну, фи Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ сыт щыгъуи фи гъусэрэ я гулыытэ фыщымышIэу фыпсэуну дыныводхьэхьу.

Республикэм и бзылъхугъэ псоми - анэхэм, щыпхъуэхэм, пхъухэм, щхьэгъусэхэм - яхуэгъэпса апхуэдэ псалъэ гуапэхэр залышхуэм щыIуа нэужь, утыкум кьаргъэблэгъащ республикэм и щэнхабзэ лэжьакIуэхэр. Абыхэм я гъэзэщIащ уэрэд дахэхэр, кьафэ екIуэр, усэ купщIафIхэмри кьеджащ. Бзылъхугъэхэм яхуэгъэпсауэ щыIуа дэтхэнэ псалъэми кьыхэнащ дунейр зыгъэдахэр бзылъхугъэхэм я Хуабагъэр, зэхуэщыкIыр, лъагъэныгъэр арауэ зэрыщытыр.

Пшыхьыр езыгъэкIуэкIхэм пэшым щIэс щIыхуэхъуэхэм ящыщ бзылъхугъэхэм ехьэхъуэхъну кьыщыхураджэм, япэу а Iуэху дахэр ирихьжьащ КЪБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым и унафэщI, «НОТР» телекомпаниим и пашэ Вэрокьуэ Владимир.

- Щ1ыхьхъу псоми я псэм щагъафIэу я Iэщ1 бзылъхугъэ, ар анэу, шыпхъуу, щхьэгъусэу, пхъуу е пщащэ гуэру ирехъу. Сэри Тхьэр кьыслъэIсащ апхуэдэ щIыхубгкIэ. Ар ильэс 50-м щIигъуаэу сызыдэпсэу, щIалитI зыдзэгъуэта икIи ахэр гъуэгу захуэм кьыздытезыгъэува Мартиросов Ринэщ. Абыи дищIыпIэм ис бзылъхугъэ псоми сохъуэхъу унагъэ насыпи яIэу, бын гуэрвэгъуэ ямылъагъуу, абыхэм я гулыытэрэ псалъэ хуабэрэ щымыщIэу кьэдгъэпсэну, - жиIащ Вэрокьуэм.

А псалъэ дахэхэм и ужькIэ ар кьеджащ и щхьэгъусэм хузэхилъхьа усэм. Ар гъэщIат гуапагъэкIэ, фIыщIэкIэ, лъагъэныгъэкIэ.

Вэрокьуэм и хьуэхъуэм пищэу, адэкIэ утыкум кьихьащ КЪБР-м и Парламентым и депутат, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Нщхьэкр къэрал институтым и ректор Рахаев Анатолий. Бзылъхугъэхэм гуапэу ехьэхъуэха нэужь, абы игъэзэщIащ махуэшхуэм хуэкIуэу ящIащ.

Апхуэдэ усэхэмрэ уэрэдхэмкIэ, кьафэхэмрэ тепльэгъуэу гъэщIэгъуэнхэмкIэ гъэнщIат махуэшхуэм кьыхуэзрагъэпэща а концертыр. Абы хэтащ «Кабардинка», «Балкарие», «Тэрч кьэзакьхэр» къэрал кьэфакIуэ ансамблиэр, «Налщ1ыкIу», «Каллисто», «Амикс» кьэфакIуэ гупэхэр, уэрэджьIакIуэ, кьэфакIуэ ныбжьыщIэхэр. Апхуэдэу щIыхьыр я уэрэдхэмкIэ игъэдэхащ республикэм и уэрэджьIакIуэ щIэрыIуэхэу Iэрэмысэ Азрэт, Бэч Азэмэт, Гуаэз Тимур, Хьуасин Анзор, Цокlыл Азэмэт, нэгъуэщI-хэми.

ЖЬЛАСЭ Маритэ.
Сурэтхэр **ТОЛГУРОВКамал** *трихащ.*

●АПК

Нэхъыщхьэр къалъытэ

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм мы зэкIэ зи хуэдэ щыIэ «Дыщэ щхьэмыж» агроконцерным ди республикэм нэрылъагъу зыщеужь. Абы и унафэщI Iутlыж Арсен къызэрильытэкIэ, нобэрей экономикэ зэхущытыкIэм и лъэхъэнэм рынокым зи Iуэхур щыпхыкIынур инновацIэ технологиехэр тегушхуауэ къэзыгъэзэфIэхэрэр, зи Iэдакъэщ1экIым щIэупщIэщхуэ иIэхэрэр.

АГРОКОНЦЕРНЫМ и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Iэш гъэхъуным зегъэужьынымкIэ. Мы зэманым абы иIэщ Iэщышхуэу 4200-м щIигъу (жэм кьашхэр 1920-рэ мэхъу), мэлу 1200-рэ, бжэну 500, тхьэкIумэкIыхь лъхуэн-пIэн лъэпкьыфIэхэм хуэдэу 660-рэ, щыуэ 140-м щIигъ-кьаблагъ. Илъэсым дэтхэнэми гъэшу килограмм мини 7-м щIигъу кьэзытыну жэмхэм я бжыгъэр 3500-м нагъэсыну я мурадщ.

Сом мелард ныкъуэ и уасэ инвестицIэ проектхэр гъэзэщIэн щIадзащ. Налшык кьалэм, Аруан, Дзэлыкьуэ, Тэрч, Май, Шэрэдж куейхэм лэжьыгъэхэр зэуIуу щрагъэкIуэкI. Ахэр яухмэ, ику иту мазэм сом мин 15 кьызытэкIуэну Iэнатlэкlэ щыхуу 250-рэ кьахуэзгъэпэщынущ.

АРУАН Алий.



Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлIэу

АДЫГЕЙ ***Адыгэ тхыбзэм и махуэр республикэм щагъэлъапIэнущ. Къищынэмыщ1ауэ, Тырким щыпсэу щэрджэсхэм лъэпкъ-щэнхабзэ хуитныныгъэр хъумэным теухуа пэкIу Анкара щрагъэкIуэкIынущ.***

АДЫГЭ Хасэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм пэкIм и кьызэгъэпэщащкIуэхэмрэ Тырким щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэмрэ псалъэ гуапэхэмкIэ зэрызахуигъаэз телеграммэ яхуиГъэхьащ. Абы кьыщыгъэльэгъуащ адыгэбзэр, лъэпкъ щэнхабзэр хъумэным, дунейпсом щикIуэхьа адыгэхэр я адэжь лъахэм щетIысэхэжьыным трауха пэкIур зэрыдаIыгър, яхуэзфIэкI псоми я зэрызыщIагъэкъуэнур.

ЗэгурыIуныгъэм Iэ традзэ

Мейкьуапэрэ Краснодар крайм хьихьэ Белореченскрэ я ветеран зэгухьэныгъэхэр зэрызэдэлэжьэнум, зэхьэзэхуэхэр зэрагъэкIуэкIынум теухуа зэгурыIуныгъэм гъатхэпэм и 4-м лъэныкъуитIми Iэ традзащ.

АБЫи и пэ кьихуэу Адыгейм и ветеранхэм Белореченск дэт курыт еджапIэ №5-м ЛIыпIэм и дерс щагъэкIуэкIащ.

Правительствэм и унафэщIыр яубзыху

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Правительствэм и унафэщI кьулыкьум пэрыувэнум и кандидатурэм КъШР-м и парламентым и зи мыхуэр сессием щыхэплъэнущ.***

КъШР-м и Конституцэм и 92-нэ статьям ипкъ иткIэ, премьер-министрыр президентым егъэув, парламентым и арэзынигъэ хэлъу.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

●ЗэIущIэхэр

Лъэныкъуищ комиссэм

**КЪБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щызэхэтащ социальнэ-лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр зыкIэлъыгъэкIуэныжьыкIэ Къэбэрдей-Балькъэрым и лъэныкъущ комиссэм и зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ республикэм и щIыхь-ныгъэкIэ ящIыгъ Къэбэрдей-Балькъэрым и промышленникэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я щIыналъэ зэгухьэныгъэр, республикэм и Профсоюзхэм и Федерацэр 2011 - 2013 гъэхэм зэрызэдзэлэжьэнум теухуауэ зэращIыгъ. Абы ипэкIэ щIыналъэ зэгурыIуныгъэм щыубзыхуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм. Ар ягъэхьэзащIуа нэужь, лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкIэ министр Тюбеев Альберт кьызэхуэсахэр хигъэтгъуэзащ КъБР-м и Правительствэр, Къэбэрдей-Балькъэрым и промышленникэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я щIыналъэ зэгухьэныгъэр, республикэм и Профсоюзхэм и Федерацэр 2011 - 2013 гъэхэм зэрызэдзэлэжьэнум теухуауэ зэращIыгъ. Абы ипэкIэ лъэныкъущ зэгурыIуныгъэм щыубзыхуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм. Ар ягъэхьэзащIуа нэужь, лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкIэ министр Тюбеев Альберт кьызэхуэсахэр хигъэтгъуэзащ КъБР-м и Правительствэр, Къэбэрдей-Балькъэрым и промышленникэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я щIыналъэ зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ Хьэжьу Владимиррэ республикэм и Профсоюзхэм и Федерацэм и унафэщI Ахъей Фаинэрэ.

ХЬЭЖЬКЪАРЭ Алик.

●Дыгъуасэ

Щхьэхуимыту яIыгъхэр нэхъ тыншынущ

«Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ системэм зегъэужьынымкIэ (2002 - 2017 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу республикэм и къалурей ильэсхэм ухуэныгъэ зыбжанэ щрагъэкIуэкIащ. Къапщтэмэ, 2006 гъэм яухуауэ щыгащ хабзэншагъэ зэрадэжьам, хабзэншагъэ ядэжьауэ щэч зэрыхуащIым папщIэ зи Iуэхуэхэр зэхагъэкIхэм ящыщу цIыху 274-рэ зыщIэхуэ унэщIэ. Дызэрыт мазэм и ныкъущIэдэм хьэзыр ящIри кьызэIуахащ апхуэдэ етIуанэ унэри. Абы Европэм щагъэувa мардэхэм тету цIыху 260-рэ щаIыгъ хъунущ.

ЩIЭУЭ кьызэIуаха Iуэхущ1апIэм ягъэIэпхъуащ Налшык кьалэм 1920 гъэм щащIауэ щыта тутнакъэщым исхэм ящыщи. Абыхэм я Iуэхущ нэрылъагъуу ефIэкIуащ, сыту жьыпIэмэ, щхьэхуитыму яIыгъэм щхэнымкIи, зыкIэлъэлъплъыжьынымкIи, загъэпсэунымкIи я Iуэхур нэхъ тынш хъуащ.

Гъатхэпэм и 9-м Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ кьулыкьущIапIэмрэ а кьулыкьущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэмрэ я унафэщIхэм прокуратурэм и лэжьакIуэхэр, жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм хэтхэр щыгъуазэ щIащ щхьэхуимыту яIыгъхэм я Iуэху зыIутым. Нэхъыщхьэ дыдэр арщи, зи Iуэхуэхэр зэхагъэкIыу абы исхэм зэрагъащхэмкIи медицинэ дэIэпыкъунигъэ зэрыратымкIи тхьэусыхафэ яIэкъым.



Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкIэ и федеральнэ кьулыкьущIапIэм и Управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Топджэгум дихьэххэр ирагъэблагъэ

●Нобэ

Дызыхуэкlуэ нобэрэм щIэныгъэ Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм и пэ кьихуэу, «Спартак-Налшыкым» и унафэщIхэмрэ щыдзэгъэмрэ топджэгум дихьэххэм нобэ IуэIэнущ.

СЫХЬЭТ 19-м щIидзэу Профсоюзхэм я уардэунэм щекIуэкIыну зэIуущIэм щIыхьэнщIэ имыту хэт хуейми щIагъэхьэнущ. Дэтхэнэми Iэмал иIэнущ «Спартак-Налшыкым» эпеуэм зэрызыхунгъэхъэзырам, абы хэтынухэм, зыхуагъэувыжа кьалэхэм, нэгъуэщIхэми ятеухуа упщIэхэмкIэ командэм зыхунгъэзэну.

ХЬЭТАУ Исльам.

Иджыри зы кьалэ

Ливием и унафэщI Каддафи Муамар и дзэм дыгъуасэ иубыдащ Э1-Зауия кьалэр.

Ар зэрыщыту зэхакъутащ. Къэралым и кьалащхьэ Триполи километр 50 хуэдизкIэ пэжыжьэ Э1-Зауия иубыдын папщIэ, Каддафи и дзэм кьигъэсэбэпащ танк 50 хуэдиз.

Ливием кьыщызэщIэплъэ граждан зауэм хамэ къэралхэр кIуэ пэтми нэхъ хОIэбэ. Дыгъуасэ Люксембург и правительствэм зэхуищIащ Каддафи Муамарр абы и бльигущIэтхэмрэ я счету 2. Иджы абыхэм кьаухэхыжьынукьым Люксембург и ахьшэ хьэмапIэхэм халъхьауэ щыта евро зы мелардыр.

США-р зыщIэхуэпсыр нэхъыбэжщ: «Ливием и уэгум кхъухьлъатэхэм кьыщалъэтыхьынну хуимыту зыгъэувын хуейр ди къэраракым, атIэ ООН-ращ» - жиIэ Америкэ и Щ1ыналъэ Зэгурыкlэхэм и къэрал секретарь Клинтон Хиллари.

А кьхъухьлатэхэр зэтрагъэувыIэну нужь итщ оппозицэри: «Къалэхэм бомбэ тепхъэныр щигъэтрэ сыхьэт 72-м кьриубыдэу Каддафи и кьулыкьум текIмэ, Ливием и щIыхубэм ар жэуапым ирашэлIэнукъым, илэжьа щIэпхъаджагъэхэм пэкIэ Iуэз тезыр ирагъэхьэнукъым» - жиIэ Льэпкъ Советым и Iэтащхьэ Мустафа Мухьэмэд Абдель Джалил.

Ар мэгугъэ

«Киодо» хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэм кьызэригъыкIэ, 2009 гъэм и фокIадэм щыщIэдзауэ 2010 гъэм и мэкъуэгуфIэу хьуху Японием и премьер-министру щыта Хатоямэ Юкио мэгугъэ къэрал щIыб Iуэхуэхэмкlэ министру ягъэувагъащIэ Мацумотэ Такзаки Урысейм и Японием я зэхущытыкIэхэр хуегъэфIэкIуэну.

Хатоямэ Юко зэрыжиIэмкIэ, иужьрей мазэ зыбжанэм кьриубыдэу Урысейм и Президент Медведев зэрыщыгъэгъуэхэм и кьэралым и Правительствэ Япониемрэ Китаймрэ хуиIэ зэхущытыкIэхэр Японием зэIигъэхьащ. Иджы нэхъыщхьэу абы кьелытэ щIы Iуэхуэхэри адрей гугъуехьэри кьызэнкIа хьун папщIэ кьэралыщ1ыкъэхэм дзыхь зэхуащIу есэжьын зэрыхуейр.

Японием къэрал щIыб Iуэхуэхэмкlэ и министр кьулыкьум Мацумотэ щытеувар дыгъуасэщ. Абы ипэкIэ министру щыта Маэхарэ Сэйдзи блыщхьэм и кьулыкьум текIын хуей хьуащ, хамэ къэрал щыщхэр ахъшэкIэ кьызэрыхуэпсар нахIуэ хъхьэрэ.

Ди ЩIым хуэдэт

Марсыр метеорит абрагъуэ жьхэхуэу километритху зи кьуагъ машэ кьриуда нэужь, щIэныгъэлIхэм яхуэзфIэкIащ абы кьууэ и щIы щIагъыр зэрызэхэль икъыгъуэхэр яджыну.

США-м и Корнелли щIыналъэ университетым и щIэныгъэлI Врай Джеймс планетологиемкIэ дыгъуасэ екIуэкIа конференцым зэрыщыжиIамкIэ, илъэс меларди 4 хуэдиз и пэкIэ Марсыр ди щIым хуэдэу хуабэу, псыкIэ кьулейуэ зэрыщытам и щыхьэтхэр щIэныгъэлIхэм кьаIэрыхьащ, а метеоритым кьриуда мащэм и фIыгъэкIэ. Ауэ Марсым и хьэуар «Палъэ кIэщIым» кьриубыдэу фIэкIуэдащ. Абы и щхьэусыгъуэу, щIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, гIу щыIэщ. Япэр - ар метеоритхэм куэдрэ жьэхэуэу зэрыщытаращ. ЕтIуанэр - дыгъэм и жьапщэращ. Абы хэль пкъыгъуэ уэздахэм хьэуар ягъэкIуэщI. Малъхьэдис губгъуэ лъырыхьэ зэрилъэм и фIыгъэкIэ, ди ЩIыр щыщхьэмэ а пкъыгъуэхэм Марсыр кьемылар нэхъ пэжу щIэныгъэлIхэм трагъэчыныхь.

Лъэпкъ Iуущ1ъэ:

Адыгэр гукIэ маплъэ, псэкIэ мэдаIуэ.

♦ Урысейм и Архивхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦ Илъэс 355-рэ и пэкIэ къуэнхуащ Урысейм и Къэзыбж приказ Iуэхущ1апIэр - къэралым и финанс зехьэкIэм япэу кIэльыплъыным щIэзыдзар. Нобэ ар Урысей Федерацэм и Къэзыбж палатэращ.

♦ 1945 гъэм кьызэрагъэпэщащ Щ1ыхубгхэм я Дунейпсо Демократ Федерацэр (МДФЖ).

Дунейм и щытыкIэнур:

♦ «meteonovosti.ru» сайтым кьызэриты мкIэ, нобэ Налшык пшэ телыынщ, пIалъэ пIалъэкIэрэ уэс кьесынущ. Махуэм щIыIэу градусиз 3, жэщым - зы градус щыIэнущ.

Налшикэр зыкъэхъэзырар **ГЪУЩIО Зарифи.**

Налшикэр зыкъэхъэзырар ГЪУЩIО Зарифи.

Щэнхабзэ Гъуазджэ Литературэ ЩIэныгъэ Анэдэлъхубзэ

«Адыгэ псалъэм» и къудамэ

ЩЫЖУЛЬАТЫГУЭ

ГукъэкIыжхэр Гъуэгуанэ тхыгъэхэр Хъыбархэр

ПIасхъэщIэхым и тхыгъэхэр

АДЫГЭ лъэпкъхэм я тхыдэмрэ я хабзэмрэ теухуауэ тхыгъэ хьэлэмэт зыбжанэ кьызэринэкIыж Пушкин Пеонтий (1805 - 1862). Илъэс плIыщIым щIигукIэ (1820 - 1862) тенджызы ПIыщIы Іуфэм Іус адыгэхэм сату ядищIащ абы, я пIасхъэрэ щIих зэпытащ урыс пащтыхьым и унафэкIэ. Адыгэбзэр зэрищIэм щыгъуазэти, пащтыхьым Люлье и пщэ кьэрилъхьауэ щыгъащ щэрджэсыбзэм и псалъалъэ зэкилъхэм хуейуэ; грамматикэ кIэщIи щыгъуу ар 1834 гъэм Одессэ къыщыдэкIыгащ. Абы и ужькIэ Люлье и Іэдакъэ къыщIэкIащ адыгэзэм, псалъэм папщIэ, шапсыгъэхэм, абазэхэзэм, натхъуэджэхэм, я щIыналъэм, я хабзэхэм теухуа тхыгъэ зыбжанэ. Абыхэм лъабжьэ яхуэхъуар езы Люлье и нэгу щIэкIамрэ и гукъэкIыжхэмрэщ - аращ а тхыгъэхэм я пщIэмрэ я мыхьэнэмрэ ядыкIи къэ щIэльагэр - ахэр ноби къагъэсэбэп адыгэ хабзэхэр зыдж щIэныгъэлIэхэм.

Люлье и тхыгъэхэр щызэхуэхьуса тхылъ («Черкесия. Историко-этнографические статьи») 1991 гъэм Киев къыщыдагъэкIыжащ.

И тхыгъэхэм щIигъуа псалъэ кIэщIым зэрыщыжиIэмкIэ, Люлье Урысейм Хамэ къэрал ІэхуэхэмкIэ и министерствэм щыIэжащ, абы и унафэкIэ лIъэс зыбжанэ Щэрджэсым щIихащ, зауэ зращIыпIа щапсыгъэхэм, абазэхэзэм, натхъуэджэхэм я псэукIэмрэ я хабзэхэмрэ щыгъуазэ зищIэрэ я тIасхъэр щIих зэпытащ, и пщэ кьыдалъхьа къалэнир арати. А къалэнир Люлье къыздэрехъулIам щэч хэлъхьам, абы щыхьэт тохьуэ урыс тIасхъэщIэхым (лъэпкъкIэ франджыщ) къызэринэкIа тхыгъэхэр.

Люлье Хамэ къэрал ІэхуэхэмкIэ министерствэм яIэриГъэхьа тхыгъэхэм щыгъэбелджылащ адыгэ лъэпкъхэм я щIыналъэ ГъунапкIэхэр, щыгъуазэ ящI абыхэм я бжыгъэм, я лакъуэцIэхэм.

Урыс тIэсхъэщIэхыр щыгъуазэ нэхъ зыхуэхъуар ПСыжь адрыщI ис адыгэ лъэпкъэрщ: - щапсыгъэхэм, натхъуэджэхэм, абазэхэзэм. Абыхэм нэмыщI, нэгъуэщI адыгэ лъэпкъ зыбжанэмэ я цIэ кьрелуэ Люлье - щэпсихэм, хэгъакIэхэм, хитIыгуэхэм, ахэр иужькIэ хэщэпсихьыжащ адрей адыгэ лъэпкъ лъэрызэхьэхэм.

Адыгэ лъэпкъэм щатетхьихькIэ, Люлье абыхэм я цIэ кьрИуэ къудейкъым, атIэ дэтхэнэ лъэпкъми бгъэдэль къарумрэ хуэзфIэкIынымрэ щыгъуазэ дещI. Къэбэрдейхэм щхьэкIэ Люлье итхыгащ: «Нэхъ лъэпкъ лъэш дыдэхэм ящыщщ къэбэрдейхэр. Тэрчэр Балъкэрэ яку дэсщ Къэбэрдеишхэр. Къэбэрдей цIыкIыкIэ (Джылахьстэнейр) зэджэм Тэрч псым и ижьырабгъумрэ Сунжэрэ я лъахэщ».

Люлье игъэбелджылащ адрей адыгэ лъэпкъхэмри - бесЛъэнейкэм, хьэтыкъуейхэм, мэкъуэшхэм, бжьдыгъуэхэм, кIэмыргуейхэм, жанейхэм я щIыналъэр, абыхэм я хэщIапIэ псыхъуэхэр, Псыжь адрыщI ис адыгэхэм я щIыналъэм щежэх псыхэм («ахэр псори хы ФIыцIэм хохуэ» - етх Люлье) я цIэ кьрелуэ - адыгэхэм зауэ кьезыщIылIа дзэм къазэрыщхьэпэнэм щэч кьытримыхьэу. Абы и фIыгъэкIэ хъумэ хуауэ иужькIэ адыгэ щIэблэхэм ящыгъупщэжа (е ирысыцIэ зыфIаща) псыцIэ куэд: Хъанджэрий, Сукьуэ, Дурсу (егъапщэ нобэрей Абрау-Дюрсо и цIэм), МышцькIэхъуэ (Мисхако), Доб, Ашампэ, Ажэжьщыгу, Мэдыбэ, ХьэфIыцIей, Жанхъуэтей, Нэхэпщ, Пщадэ, Бэшэ, Чэпсинэ, Бзид, Джубгъэ, Щэпсихьуэ, Кхъужьеипс, ПIьакIэуэ, ТIуапсэ.Ныджэпсыхъуэ, Дуэ, Ту, Нэбыгу, Агуий, Дэдэркъуей, Мэкъуэпсы, Бу, нэгъэуэщIхэри.

УбыхъэмI я гугъу щищIкIэ, Люлье етх абыхэм я лъахэр ях Іуфэм кьыщыщIэдзауэ бгыщхьэм зэрынэсыр. «Убыхэм я лъахэщ Зюбэ, Лоу,Ныджэ, Бытхъэ, Дэгъуэмыпс, Псыкэ е Мэмай, Сашэ, Хьымищ е Хьуэстэ псыхъуэхэр», . гу лъитащ Люлье.

«Адыгэ» цIэр щэрджэс лъэпкъ псомэ я зэхуэдэщ, - етх Люлье, - ар щыэзпаубыдэ кхъэхуми. «Адыгэ» цIэм нэхъ щэныкъуэкъур къэбэрдейхэр, бесЛъэнейхэр, кIэмыргуейхэр, хьэтыкъуейхэращ. ПщыкIэм я Іэмыщ1э илъ адрей лъэпкъэм - ЖьэдэгIуэхэм, мэхъуэшхэм абазэхэкIэ щеджи щыIэщ, абы и щхьэусыгъуэр сэуэзэгъэкIакъым. Къэбэрдейхэр тенджыз Іуфэм эзи Іусагъэнукъым. Тенджыз Іуфэм Іусащ, ПIуапсэ джеж, бжьдыгъуэхэри, иужькIэ ахэр ПсыжькIэ Іэпхъуащ. Бгым щхьэдэхыу тенджыз Іуфэм Іусащ мэхъуэшхэри».

«Кавказым ис лъэпкъхэм зыкIи екIуалIэркъым адыгэбзэр, - гу лъитащ Люлье. - Адыгэбзэ псомэ кьахощхьэхукI къэбэрдеибзэр. Къэбэрдейхэм пIэIащIэ зэрыхъу лъандэрэ бесЛъэнейхэм я бзэм зэхъуэкIыныгъэ куэд къыщыхъуащ, абы кIахэ адыгэхэм я бзэм иже къыщIихуащ. Убыхэм я бзэр адыгэбзэмкIи абхъазыбзэмкIи тевуэркъым, ар кIуэдыжьыпэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым, абыхэм псомэ адыгэбзэ ящIэри».

Люлье зэритхамкIэ, Къэбэрдейм ис щыщымэ зэркъхэмрэ я лъэпкъэгъуэхэм кьагурымыIуэ бзэ гуэркIэ зопсалъэ, абы щакIуэбзэкIэ йодж; адыгэ лъэпкъэхэм тхьбзэ яIэкъым, зыгуэр ятхын хъумэ, тыркуэм е ехэрпхэм Іуэхутхьбзэ кьрагъащIэ.

Зэрытлъагъущи, зи щщIэмрэ зи мыхьэнэмрэ нобэр кьыздэсым хэмыщIа хьыбар хьэлэмэт куэд кьызэринэкIащ Люлье Іеонтий, адыгэ лъэпкъэхэм я ерыскъыпэ псэукIэмрэ хабзэмрэ зэщIэгъэлIэм, абыхэм щыгъуазэ зыхуащIын зи гуапэ дэтхэнэми.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Тхьэмадэхэмрэ шупашэхэмрэ

Инджылыз журналист Лонговорт Дж.А. 1837 гъэм Щэрджэсым къэкIуауэ щытащ, зауэм хэт адыгэхэм я Іуэху зытетыр зригъэщIэн папщIэ. Ильэсым щIигукIэ щыIащ Лонговорт Щэрджэсым, абы щилъэгъуамрэ зи хуитыныгъэм щэзэу адыгэхэм я бзэныгъэмрэ я дунейм псор щыгъуазэ ищIащ, Лондон къыщыдэкI «Таймс» газетым тридзари. Инджылыз журналистым и тхыгъэхэр тхылъ щхьэхуэуи зыбжанэрэ къытехьащ дунейм. Абы щыщщ мы пычыгъэр.

ПШАПЭР зэхэуауэ, хьэщIэщым къыщIыхьащ хеящIэр. «ХьыбарыфI къысIэрыхьащ, - жиIащ абы, бжэщхьэIум бжьбэкъуэ ящэжь. - Инджылыз пащтыхьым и нэфI кьытщIыхуащ, дяпэкIэ кьыдэщIынущ - аращ Сэфар-бей къытхыр. Къыщыдэ, я, и Іэмащ1э зитIыхьэнущ. Инджылызхэр кьыткуэувэмэ, урысым сыт яхуэзэфIэкIыжьыр? Сэфар-бей кьызэритхымкIэ, урыс инэралым деж лIыкIуэ дгъэкIуэн хуейщ, инджылызхэм утыкум дыкъыIэзэрымынэнумкIэ хъыбар едгъэщIэн щхьэкIэ».

Хеящ1эм кьытхуихьа хъыбарым дыщыгуфIыкIащ псори. Истамбыл дэс инджылыз лIыкIуэрат Сэфар-бей апхуэдэ чэнджэщ кьэзытар: урыс инэралым деж щэнэфIэ ГъэкIуэн хуейщ лIыкIуэ. Инэралым паубыдынуэ гурыIуэгъуэщ: фи дзэр зэщIэфкъуэжи, ди Хэкум фикIыж, дэ инджылыз пащтыхьым и цIыхуэ дыхъуащ, фыкъыдэзэуэ зэхуэжьинукъым, дэри дывэзэуэнукъым, ди хэкум кьифщIыжьа быдапIэхэр фIкIуэтэкъэ ди хэкуэр кьэвбгынэмэ...

Урыс инэралым дэк щэнэфI я ягъэкIуэн хуейт лIыкIуэ - жэуап гуэр кьыпахыу. АпщIондэхэу я тIэ ихьын хуейт щэрджэсхэр - апхуэдэ чэнджэщи кьарихьэлIащ Истамбыл дэс инджылыз лIыкIуэм. Сэфар-бей акъылэгъу хьуат абыкIэ: «Іэщэм фхьхуэмыкIуэ, урысхэм жаIэр зэхфхьу хъ. Дахэмызагъэмэ, итIанэ щIэдзэжьынщ зауэ».

Зэ ягъэкIуа, лIищ хахри, Вельяминовыр ХьэфIыцIей (Геленджик) дэсти, абы дежщ лIыкIуэ здагъэкIуэр. Жэуап ящIахакъым зэ кIуэзэуэкIэ. ЕтIуанэу ягъэкIуащ. Жэуапынэ хъуащ етIуанэ кIуэгъуэми. Генералым тхылъыр яIихащ, ауэ я къажриIащ: «Зы тхьэмахуэ сыхуейщ, жэуап фэхтыр щхьэкIэ, - фыкъыспэплъэ. Хьэуэ жыфIэрэ, чэнджэщ кьыввэхьыхьэлIар езыр кьрюренкуэн, сыдреху быдапIэм».

«Инэралым плъыжьыр» (аращ щэрджэсхэр Вельяминовым эзрэджэр) зэрыбажэр ящIэрт лIыкIуэхэм; кьагурыIуащ пIалъэ кьыщIыхIэгъэкIащ. УепсальэкIэ генерал хьилэшим жэуап кьыззэрыпумыхьнур хьэкъ ящыхьуа нэужь, зауэр яублэжьин мурад ящIауэ, щэрджэсхэм къэбэрдейхэщ Вельяминовым и тхылъ.

Тхылъ кьахуригъэхьан и пэ, Вельяминовым щэрджэс лIыкIуэхэм къажриIауэ щыта: «Фи инджылыз хьэщIэхэр (Бёллрэ Лонгвортрэщ щхьэуIэр.-Ред.) хьэгъапхэщ, пцы зэфэзэщIэ фыкърагъэкIэ, жэуап фэхтыр щхьэкIэ, ахэр ящIэ, щхьэ и унафэщ ящIэ, ди фемыфакъуэ, Дэ вжет1эр фи фIщ пщынэ хуейщ, итIанэщ дыщцэзэгурыIуэнури пщIэгъэ щыфхуэзыщIынури. Хэрэкъым къуэнщэр, ди лъахэр мафIэм зэщIищIэмэ. Зыкъэфти, фи мылькур кьыфхуэнэжьынущ, арыншамэ, вбгъэдэлъу хьуар, фи Іэщэ хэри дэкIуэу, кьыфтетхьынуэр гъэрпIэм фIдгъэуэнущ».

Вельяминовым жэуап иратащ щэрджэсхэм. Жэуапыр дэ дагъэтхьн я мурадащ: ди псалъэ нэхъ пхыкIын я гугъащ, дэ ттхымэ. Дапщэрэ быдэлъэIуэмэ, ди къыщIыхуэ дадэхъуакъым, абы дыз1эрыхимыгыр щхьэусыгъуэ тщIыри. Иужьым кьагурыIуащ жэуапыр езыхэм ятхын зэрыпопрэ щIэх кьытIэрымыхьэми, фыщIэгъэжьеин щыIэкъым - гуэгъуэ кIыхьщ, апхуэдэ Іуэхуэр псынщIэ зэрыIуэкъым... Фысабыр, жьэIуэ Іиншаллыхь, тыркуэхэми инджылызэхэми утыкум дыкъраннэнукъым. Абыхэм я закъуэкъым. Зыр зым девмыгъэдыгъуэ, тхъунщIэн хуейр джаурэхэращ, зыгуэр тхъунщIэн хуейм: я ужь фыкьымыкI, псэкIугъуэ евмыт, зауэр ягъэувыIэху. Ар зах уагъэщ, кьоззэ, ауэ фэ фщIэн хуейщ фи кьуэшхэм, муслымэнэхэм федыгъуэ зэрымыкъэнуур. Мы инджылыз щIалитIым (Бёллрэ Лонгвортрэ.-Ред.) яIьагъу псори ятх, ахэр ди деж щIэIэху, зыкIи къэвдыгъу хъ унукъым, уеблэмэ зы жэм зэкIуэ, ярыншамэ, инджылыз пащтыхьым хъыбар ирагъэщIэнущ. Иджы тхьэ дыигъащIуэ и гуэрыуэнэгъуэм демыдыгъуэжьинкI».

Псори евэлIа хуэдэт хасэм и унафэм; шыи и псальэр зыбжанэрэ зэпаудащ: «ЗахуэщI Пэжщ! Іэмэн! - жаIэу цIыхуэ кьыхэкIиикIыуэр.

Дэ дызрихьэлIа хасэм и тхъэмадэхэр фэзгъэщIыхуэм, сфIэнгъэщ. Абыхэм я нэхъыбэр хэнгуэдащ лъыгъажэ зауэм, хуэм-хуэмурэ ящыгъупщжьнущ щIэбгъэ, дунейм кьыштранар я хъыбарэхэмрэ зэгуэр хуауса уэрэдэжрэщ. Щэрджэсхэм зэрыжаIэщи, цIыхуэр цIэрыIуэ зыщIыр лIыгъэщ, псальэ щэрыуэрщ, хъыщIагъэщ.

Тхьэмадэ щIрыпу эхэм ящыщащ Хьэуэ и кьуэ Мансурбейкъэ зэдэжр (абы и хьыбар щывжесIэнур нэхъ ищыкIэщ). Псори абы пащтыхьым едгъэкIуэ мы хэкум ар пащтыхь зэрыщымыхьунур щIэдкIэ пэтми: ара хъунт Хьэуэ и кьуэ Мансур-бей пащтыхьыкIэ щIёдкэр, щэрджэсхэм пащтыхь захуищынкIэ щыщынэ хъунтэкъым.

Мансур-бей и ужькIэ зи цIэ ирагъэр Джэрий и кьуэ Шамыз-бейт. Іу зэрыльыс тамкIэ, Шамыз-бей зи псальэм хуэсакъыж цIыхуэ утыку ихьэрейтэкъым, и чэнджэщ хасэм яхилъхьэн хьумэ, кууэу емыгупсысауэ и жьэ зэщIэхьэнэ. Ешьм хэзыгъэ абы и хьыбарым нэхъыбэрэ урихьэлIэрт. Щэрджэсым сихьэри, жьэ дзкIауэ и нэужьи Шамыз-бей зыкъыщIэзигъэщIыхуар. Мазэ дзкIауэ, си пащхьэ кьихьэгъащ лIыжь жьакIэжу лъагэ; зыкIи кьахэщIэкъым ар адрей зэрыжаIэр: тхъэмадэхэм, апхуэдизу игъэхъауи уи фIэщ хьунтэкъым: Измаил бдащIэм кьыщыщIидзэри, Мысырым франджьихэм щеззауэ, Іуфэдзэ ирагъэщIащ, ядэзаауэрэ, цIэрыIуэ дыдэ хьуащ. Зауэ Іуащ1э куэдым уIэгъэ Іэджэрэ щыхьуащ Шамыз-бей. Дзхъэнэ зауэр пщIэжьи: и напщIи телъкъым ар, я нэхьыбэр езыми щыгъупщэжащ, уIэгъэм я лъэужь дыркъуэ куэдыр кьыштенэри. Шамыз-бей нэгъэущI зыкIи щIэрыIуэт: тэмакъкIэщIми, кьэгубжьауэ, и макъым зригъэIэтауэ плъагъунутэкъым, и пIи кьыпхуэшынутэкъым, ауэ цIыхуэм лей кьытехьауэ и ильэгъуакъэ - мафIэм хуэдэ хъурт, кьыщIикIуэтыни щыIэтэкъым. Ананэ дэс тырку пщэм Шамыз-бей и хэгъэрейкъэм ящыщ зы ирыбдыгащ зэгуэрым. Ар щыхэхихым, Шамыз-бей пэщэм деж кIуащ, пэщэм и пащхьэ иувэри, и сэшхуэр кьурихащ: «Къэпсым ибдзар иджьыпступщIэ къыумыуытыпщыжмэ, уэсщэнур ущоIэ: упэщэми, упащтыхьми сыноплъынукъым», - жери. Мансур щыIэу щабэт, Іэщэм щынэсыр зэхэмыIэт - ирахуIа нэжь т. Іуэху гуэр зэфIихын хуей хьуамэ, Мансур и Іэщэр и бзэрат: Іэщэм кьимыхьынур псалъэм кьриГъэхьарт. ТIури щэрыIуэмэ, зыр зым ефыгъуэрт экъым, зым адрейм худичых фIэкI: Мансур ищIэрт Шамыз-бей и лIыгъэр зэдгъэсхьр. Шамыз-бей кьыгурыIуэрт Мансур и псальэм нэхъ пщIэ зэрилъэ, езыр нэхъыжьмэ, и унэжьуэщырат (Шамызым Мансурн Шупагуэ тIэкIыжьым щыщт) унафэр зыIэщIэлъэр. Зым псалъэкIэ, адрейм Іэщэкъэ я лъэпкъым и пщIэр нэхъ лъагэ зэрращынрат тIури зыпыIэзыр, и кьаззерехьулIэрт нэхъ рыIуагъэрт».

Шупагуэхэ зэрыльэпкъ лъэрызекьэр сэ си щхьэлIэ згъэнэжащ, Шэрджэсым сисыжу. А лъэпкъ щэрыIуэм щыщт Индар и кьуэ Мэхьмэти хеящIэ Хьжмы-Уэлин. А тIум кьакIэрыхуртэкъым Асльэн-Джэрин. Ар пIыгIэ нуиу щу щхьэмыгъаэзт, хахуэт, зримыкунрэ кьыщIикIуэтынрэ щыIэтэкъым, ауэ и щхьэ щытхъужауэ пльагъунутэкъым. Уеплъмэ, цIыху Іэсэ дыдэт Асльэнджэрий, зауэм Іухьамэ, асльэным хуэдэ, мафIэр кьыIурихырт, бийр зыгъэщIылI зэтращIэрт.

ПщIэ зиIэ тхъэмадэхэм ящыщт Джэрий и кьуэ АлийбейкIэ зэдэжри. И теплъэм и гугъу умыщIыхьхи (лIы дамэ, кьыпIуплъмэ, уи гур ирихьыу), акъылышуэ зиIэ цIыхуэт ар, псори кьыкIэлIыкIырт, хэгъэрей и куэдти, дзнэжьи щыщIыпуэр.

Зи цIэ кьыслIуа тхъэмадэхэр псори уэркъэт. Абыхэм нэмыщI, пщIэшхуэ зиIэ ІыхьэкъуэлI зыбжанэ хэтащ хасэм. Абыхэм ящыщу псом япэ зи цIэ кьыпуащ Дэщыкъуэ и кьуэ Шупашэщ. ШапсыгъэлъэкъуэкIэм яхэтакъым або нэхъ цIэрыIуэ - и хабзэкIэ, и цIыхуэдэкIэ, и Іэдакъэ ящыщ. И ныбжьыр илъэс блыщIым нэблэгъами, щIалэм нэхърэ нэхъ жант, зэрэн хуей хъуамэ, псоми япэ ищырт - арат фIыуэ щIалъагъуи щIэ лей щыхуащIри.

Натхъуэджьм щыцIэрыIуэ ІыхьукъуэлIэм ящыщащ Хьэзмет Джэрий. Щэрджэсым теплъыхьмэ, ар хуэщIауэ псэрт, нэхъ хуэкъулей дыдэхэм хабжэрт; мэл миниц-плIы, жэм 200-300 нIэт. И унэ хьэщIэ кьихьамэ, «Іэнэ плIыщ» кьэзыщтэф бысымт Хьаз-Демыр - щэрджэсхэм зэрыжаIэщи, нэхъ куэкъулей дыдэми ящ хуэзфIэкIыр.

Натхъуэдж лIы цIэрыIуэхэм кьахэщхъэ ящыщащ Шырыхьу и кьуэри. Хэгъэрей щэх дыдэ кьытхуэхъуауэ щытащ ар. Щэрджэсым дисыхуи дигъэгъуэщакъым. Сату ищIурэ, мылькуфI эзригъэпэщат абы, ауэ зауэм Іухьэм хуей хьуамэ, и пащхьэм елпIыжьыртэкъым: нэхъ зауэлI хахуэ уиГъэлъыхьуэнуг, лIыгъэ гуэр зэримыхьауэ Іэщэр игъэтIыльынутэкъым.

Шапсыгъэм я хасэм щытепщэр Шупагуэ лъэпкърат Хасэм зы гуэрти кьиштрэтэкъым, а лъэпкъым я тхьэмадэхэр кьримыхьэлIауэ е ахэр акъылэгъу мыхьуамэ. Хасэм кьахэмыхьэми, абы кьахукъуэплIынут Хьэжы Гъэбэчэр Щэхьан-Джэрийрэ - Тури зэрыIуэ щIрыпуэт, ныпэщIэ зыхэль цIыхуэт Хасэр мажиплIкIэ зэ хэтати, Гъэбзэчи Щэхьан-Джэрии щыгIэнукъым: Гъэбзэч хахуэм, зэсэм кьыхэкIи, и псальэ яхилъхьэн фIэфIыщэтэкъым; Шамыз-бей щыIеяти, Щэхьан-Джэрий арагъэнт хасэм кьащIыхьмэкъыр - лIы пхъашIтIыр зэIущIамэ, зэхуилъынкIэ хъунут

ЩIэныгъэ

ЗЭШИЩ псэурти, я нэхъыщIэр Шыкъумцийит. Я адэр щыIэм, зэшищр зэхэкIын хуей хъуащ. Нэхъыжьыт Іыр кьебзэдзэжкIри, нэхъыщIэм зы бжэн фIэкI лъагъэсакъым:

- Зы бжэнир зрырегъэзэгъ, ари куэдыщIэщ Шыкъумцийи джжIэ, - жари.

- Зы бжэным сыт кьыхуищIэн? Сщэнщи, сыпыкIынщ, - жери мурад ищIащ Шыкъумцийи.

Бжэным и бжьэм кIапсэ ирищIэри, ирипэжьащ. Гъуэгур мэзым щIэжкIырти, пщIащэ макъым кьыхэIукI псалъэ зэхих кьыфIэщIащ Шыкъумцийи:

- Уи бжэнр сэ кьызэщэ! И уасэр етIанэ-гъэ уэстыжьажьщI

Кьепсальэр жыгейра-уэ кьащIыхьуати, бжэнир жыгейм ирипхащ:

- Уэощэ. Сщэн щхьэкIэщ кьыщIесшэжьар. СыкъыумыгъапщIэ закъуэ, - жери.

Шыкъумцийи игъэзэжри и унэ ихьэжащ.

- Пща бжэнир? - къеупщIащ шынэхъыжьитIыр.

- Сщащ.

- СытэкIэ пща?

- СщIэркъым. ЕтIанэгъэщ кьыщыщатыжьнур, - жиIащ Шыкъумцийи.

- Мыкхъэмывэр укъэпащIэри, бжэнир пIэщIагъэкIащ, - жари шынэхъыжьитIыр кьыщыдыхьэщащ.

ПIальэр кьигъэсри, Шыкъумцийи мэзым кIуащ, жыгейм игъэдыхьэри, джыдэ тIыгукIэ теуIуащ:

- Бжэн уасэм сыкъыкIэлъыIуащ, - жери.

Джыдэ тIыгукIэ щытеуIуэм, жыгейм дыщэ кьыпыщэщащ. Дыщэр кьыщыпри, Шыкъумцийи унэм игъэзэжащ. ПщIантIэм дэтIысхьауэ, дыщэр ебж Шыкъумцийи. ШынэхъыжьитIым кьыщалъэгъум, я нэр кьихуащ:

- Дэнэ кьыпха дыщэр?

- Мэзым кьыщIэсхащ. Бжэнир жыгейм нэгъабэ есщати, мы гъэм джыдэ тIыгукIэ сытеуIуэри, жыгейм дыщэ кьыпыщэщащ.

Ар щыхэхахым, зэшитIым я бжэн зырыз ирахужьэри мэзым кIуащ, я кIэпкъым джыдэ даIури. БжэнитIыр ирапхри, жыгейм джыдэ тIыгукIэ теуIуащ - жыгейм дыщэ кьыпыщэщакъым.

- Хэнщ, - жаIащ зэшитIым, - илъэс пIалъэ удот, етIанэгъэ дыкъыпIытIыгъуэзэнщ, етIанэгъэ дыщэ кьыппымыщэщмэ, уидупщIыкIынщ - кьыджиIакъым жумыIэж, - жари бжэнитIыр жыгейм епхауэ кьыбгъэданэри, зэшхэм къыIуагъэзыкIыжащ.

Илъэс дагъэкIри, жыгейм трагъэзащ. БжэнитIыр хъэм яшхауэ, кьупщхьэр жыг щIагъым щIэлът. Джыдэ тIыгукIэ теуIуа щхьэкIэ, жыгейм дыщэ кьыпыщэщакъым, бжэнитIми эхкIыжати, я щхьэр фIэлэлу я унэ ихьэжащ зэшхэр.

Тхыгъэхэр

ПIасхъэщIэхым и тхыгъэхэр

АДЫГЭ лъэпкъхэм я тхыдэмрэ я хабзэмрэ теухуауэ тхыгъэ хьэлэмэт зыбжанэ кьызэринэкIащ Люлье Пеонтий (1805 - 1862). Илъэс плIыщIым щIигукIэ (1820 - 1862) тенджызы ПIыщIы Іуфэм Іус адыгэхэм сату ядищIащ абы, я тIасхъэрэ щIих зэпытащ урыс пащтыхьым и унафэкIэ. Адыгэбзэр зэрищIэм щыгъуазэти, пащтыхьым Люлье и пщэ кьырилъхьауэ щытащ щэрджэсхэм, абазэхэзэм, натхъуэджэхэм я псэукIэмрэ я хабзэхэмрэ щыгъуазэ зищIэрэ я тIасхъэр щIих зэпытащ, и пщэ кьыдалъхьа къалэнир арати. А къалэнир Люлье къызэрехъулIам щэч хэлъхьам, абы щыхьэт тохьуэ урыс тIасхъэщIэхым (лъэпкъкIэ франджыщ) къызэринэкIа тхыгъэхэр.

Люлье Хамэ къэрал ІэхуэхэмкIэ министерствэм яIэриГъэхьа тхыгъэхэм щыгъэбелджылащ адыгэ лъэпкъхэм я щIыналъэ ГъунапкIэхэр, щыгъуазэ ящI абыхэм я бжыгъэм, я лакъуэцIэхэм.

Урыс тIэсхъэщIэхыр щыгъуазэ нэхъ зыхуэхъуар ПсыжькIэ адрыщI ис адыгэ лъэпкъэрщ: - щапсыгъэхэм, натхъуэджэхэм, абазэхэзэм. Абыхэм нэмыщI, нэгъуэщI адыгэ лъэпкъ зыбжанэмэ я цIэ кьрелуэ Люлье - щэпсихэм, хэгъакIэхэм, хитIыгуэхэм, ахэр иужькIэ хэщэпсихьыжащ адрей адыгэ лъэпкъ лъэрызэхьэхэм.

Адыгэ лъэпкъэм щатетхьихькIэ, Люлье абыхэм я цIэ кьрИуэ къудейкъым, атIэ дэтхэнэ лъэпкъми бгъэдэль къарумрэ хуэзфIэкIынымрэ щыгъуазэ дещI. Къэбэрдейхэм щхьэкIэ Люлье итхыгащ: «Нэхъ лъэпкъ лъэш дыдэхэм ящыщщ къэбэрдейхэр. Тэрчэр Балъкэрэ яку дэсщ Къэбэрдеишхэр. Къэбэрдей цIыкIыкIэ (Джылахьстэнейр) зэджэм Тэрч псым и ижьырабгъумрэ Сунжэрэ я лъахэщ».

Люлье игъэбелджылащ адрей адыгэ лъэпкъхэмри - бесЛъэнейкэм, хьэтыкъуейхэм, мэкъуэшхэм, бжьдыгъуэхэм, кIэмыргуейхэм, жанейхэм я щIыналъэр, абыхэм я хэщIапIэ псыхъуэхэр, ПсыжькIэ адрыщI ис адыгэхэм я щIыналъэм щежэх псыхэм («ахэр псори хы ФIыцIэм хохуэ» - етх Люлье) я цIэ кьрелуэ - адыгэхэм зауэ кьезыщIылIа дзэм къазэрыщхьэпэнэм щэч кьытримыхьэу. Абы и фIыгъэкIэ хъумэ хуауэ иужькIэ адыгэ щIэблэхэм ящыгъупщэжа (е ирысыцIэ зыфIаща) псыцIэ куэд: Хъанджэрий, Сукьуэ, Дурсу (егъапщэ нобэрей Абрау-Дюрсо и цIэм), МышцькIэхъуэ (Мисхако), Доб, Ашампэ, Ажэжьщыгу, Мэдыбэ, ХьэфIыцIей, Жанхъуэтей, Нэхэпщ, Пщадэ, Бэшэ, Чэпсинэ, Бзид, Джубгъэ, Щэпсихьуэ, Кхъужьеипс, ПIьакIэуэ, ТIуапсэ.Ныджэпсыхъуэ, Дуэ, Ту, Нэбыгу, Агуий, Дэдэркъуей, Мэкъуэпсы, Бу, нэгъэуэщIхэри.

УбыхъэмI я гугъу щищIкIэ, Люлье етх абыхэм я лъахэр ях Іуфэм кьыщыщIэдзауэ бгыщхьэм зэрынэсыр. «Убыхэм я лъахэщ Зюбэ, Лоу,Ныджэ, Бытхъэ, Дэгъуэмыпс, Псыкэ е Мэмай, Сашэ, Хьымищ е Хьуэстэ псыхъуэхэр», . гу лъитащ Люлье.

«Адыгэ» цIэр щэрджэс лъэпкъ псомэ я зэхуэдэщ, - етх Люлье, - ар щыэзпаубыдэ кхъэхуми. «Адыгэ» цIэм нэхъ щэныкъуэкъур къэбэрдейхэр, бесЛъэнейкэр, кIэмыргуейхэр, хьэтыкъуейхэращ. ПщыкIэм я Іэмыщ1э илъ адрей лъэпкъэм - ЖьэдэгIуэхэм, мэхъуэшхэм абазэхэкIэ щеджи щыIэщ, абы и щхьэусыгъуэр сэуэзэгъэкIакъым. Къэбэрдейхэр тенджыз Іуфэм эзи Іусагъэнукъым. Тенджыз Іуфэм Іусащ, ПIуапсэ джеж, бжьдыгъуэхэри, иужькIэ ахэр ПсыжькIэ Іэпхъуащ. Бгым щхьэдэхыу тенджыз Іуфэм Іусащ мэхъуэшхэри».

«Кавказым ис лъэпкъхэм зыкIи екIуалIэркъым адыгэбзэр, - гу лъитащ Люлье. - Адыгэбзэ псомэ кьахощхьэхукI къэбэрдеибзэр. Къэбэрдейхэм пIэIащIэ зэрыхъу лъандэрэ бесЛъэнейхэм я бзэм зэхъуэкIыныгъэ куэд къыщыхъуащ, абы кIахэ адыгэхэм я бзэм ижь къыщIихуащ. Убыхэм я бзэр адыгэбзэмкIи абхъазыбзэмкIи тевуэркъым, ар кIуэдыжьыпэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым, абыхэм псомэ адыгэбзэ ящIэри».

Люлье зэритхамкIэ, Къэбэрдейм ис щыщымэ зэркъхэмрэ я лъэпкъэгъуэхэм кьагурымыIуэ бзэ гуэркIэ зопсалъэ, абы щакIуэбзэкIэ йодж; адыгэ лъэпкъэхэм тхьбзэ яIэкъым, зыгуэр ятхын хъумэ, тыркуэм е ехэрпхэм Іуэхутхьбзэ кьрагъащIэ.

Зэрытлъагъущи, зи щщIэмрэ зи мыхьэнэмрэ нобэр кьыздэсым хэмыщIа хьыбар хьэлэмэт куэд кьызэринэкIащ Люлье Іеонтий, адыгэ лъэпкъэхэм я Іуэху зытетыр зригъэщIэн папщIэ. Ильэсым щIигукIэ щыIащ Лонговорт Щэрджэсым, абы щилъэгъуамрэ зи хуитыныгъэм щэзэу адыгэхэм я бзэныгъэмрэ я дунейм псор щыгъуазэ ищIащ, Лондон къыщыдэкI «Таймс» газетым тридзари. Инджылыз журналистым и тхыгъэхэр тхылъ щхьэхуэуи зыбжанэрэ къытехьащ дунейм. Абы щыщщ мы пычыгъэр.

ПШАПЭР зэхэуауэ, хьэщIэщым къыщIыхьащ хеящIэр. «ХьыбарыфI къысIэрыхьащ, - жиIащ абы, бжэщхьэIум бжьбэкъуэ ящэжь. - Инджылыз пащтыхьым и нэфI кьытщIыхуащ, дяпэкIэ кьыдэщIынущ - аращ Сэфар-бей къытхыр. Къыщыдэ, я, и Іэмащ1э зитIыхьэнущ. Инджылызхэр кьыткуэувэмэ, урысым сыт яхуэзэфIэкIыжьыр? Сэфар-бей кьызэритхымкIэ, урыс инэралым деж лIыкIуэ дгъэкIуэн хуейщ, инджылызхэм утыкум дыкъыIэзэрымынэнумкIэ хъыбар едгъэщIэн щхьэкIэ».

Хеящ1эм кьытхуихьа хъыбарым дыщыгуфIыкIащ псори. Истамбыл дэс инджылыз лIыкIуэрат Сэфар-бей апхуэдэ чэнджэщ кьэзытар: урыс инэралым деж щэнэфI я ГъэкIуэн хуейщ лIыкIуэ. Инэралым паубыдынуэ гурыIуэгъуэщ: фи дзэр зэщIэфкъуэжи, ди Хэкум фикIыж, дэ инджылыз пащтыхьым и цIыхуэ дыхъуащ, фыкъыдэзэуэ зэхуэжьинукъым, дэри дывэзэуэнукъым, ди хэкум кьифщIыжьа быдапIэхэр фIкIуэтэкъэ ди хэкуэр кьэвбгынэмэ...

Урыс инэралым дэк щэнэфI я ягъэкIуэн хуейт лIыкIуэ - жэуап гуэр кьыпахыу. АпщIондэхэу я тIэ ихьын хуейт щэрджэсхэр - апхуэдэ чэнджэщи кьарихьэлIащ Истамбыл дэс инджылыз лIыкIуэм. Сэфар-бей акъылэгъу хьуат абыкIэ: «Іэщэм фхьхуэмыкIуэ, урысхэм жаIэр

Усыгъэхэр

ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан

Къуршхэр плъырщ

Нартщ къуршхэр.
Къырщ абы я къамэр.
Мо дыгъэ-маэзр я мэІухущ.
Яхъумэ хэкури, жейр я хамэщ,
Зыгъэпсэхун къафІэмыІуэху.

Зэлъащ я натІэр,
Мэгупсысэ,
БлэкІа зэманыр щІэтщ я нэгу.
Абыхэм я щхьэр тхъуами уэсу,
Уеджам, къоджэжьыр -
Хъуакъым дэгу.

Зэи зыщахакъым бгырыс фащэр,
Уэс хужь лэдэххэр я хьэзырщ.
КъимыкІуэтыныр я гурацэу,
Лъахэ хъуэмэным хуэхъэзырщ.

Къамэ кьихацiи, къыр щхьэ
папщІэм
СфІэгъэщІэгъуэну сэри соплъ,
Мыубэщхъуу ІэщІэ ар хьун
папщІэ,
Жьы къепщэм даллъэу жану яль.

Іуэхунщэу аркъым пшэм
щІепыдджыр,
Къыхрагъэхыу уафэхъуэпскІ, -
Лъыгъажэ тхьадэм и щІэпхъаджэр
Ягу къэкІыжьхукІэ къызокІуэкІ.

Къурш плъырхэр зыми
щымысхьыну...
Зэгуэр къыльысмэ лъахэм лей,
Ялъа къыр-къамэр къуаутІыпщынуц,
Ар хуэзэу бийм и гущхьэм дей!

Шэпсы и Іуфэм

Къуршыпс цІыкІу,
Мэз бжэну лъакъуэ псынщІэ,
Адыгэш мыгъасэм ещхьу Іэл,
Удыхьэшхуи угъми къыхсучъмыщІэ,
Хэт къыпхэзылъхьар апхуэдэ хьэл?

УкъыщІэж къысфІощІыр анэ
бгъафэм,
Уэ анэ быдзышэу сыт бдагъуэн?!
Ди адэжьхъэм шыр псы щрагъафэм
Ягу урихьу цІэ къыпфІащагъэнщ.

ПхуащІащ жыгей мэзыр цІэфІэщ
джанэ,
Ар адэжь фэеплъ -
зыщІэмыгъэнщІ,
ЩигъэсыскІэ жыыбгъэм я
къудамэр
Ди бзэкІэ Іущащэу сэ къысфІощІ.

Уахуэзэшкъэ адыгэ шууейуэ
Уи псы Іуфэм щепсыжьу щытам,
Е зи щхьэщыр лъэдакъэпэм теуэу
Псыхьэ къакІуэу уи Іуфэм Іутам?

Ноби, анэм къыкІэрыхуа шыщІэу,
Ахэм уакІэлъыжьэрэ уощыщ,
Шэпсы цІыкІу,
ЩІэ щІэтхъым уэ ужгу щыщІэм,
ЩумыгъуэткІэ абыхэм ящыщ.

Зэуэ зэуедзри аркъэну
толъкъунхэр
Тенджыз ФІыцІэм укъеГъэувыІэж,
ЩогъэтыжІри шууейхэм
лъыхъуэныр
Нэщхъеи укъэхъуауэ зошыІэж.

* * *

Сэ уэшхым куэдрэ сиуфэнщІащ
ГъуэгуанэМ сыздытетым,
АрщхьакІэ вагъэр игъэнщІащ -
Губгъэн хуэсщІын си неткъым.

Сэ розэ банэм сиуІащ,
ИриІэу Іэр лъы пщтыркІэ,
АрщхьакІэ си гум къемыІа
Гъэгъахэм я хэтыркІэ.

Мэз бжэным фочыр езгъэпщат,
ЗихІ кІакхъур схущІачакъым:
ЩІэжьей абы кІэлъыщщар
Зеиншэ сщІын слъэкІакъым.

Си жылэжь

Уи бын пэрытхэм сэ срамылейми,
Си деж уэ фІыщІэ жыг
кІыщыболэжь,
ГукъэкІыж ІэфІкІэ
сызыгъэпІейтейуэ,
Сыкъыщалъхуауэ
Си псэм хэлъ жылэжь.
Уэ лэжьакІуэжьым пщІэ
зэрыхуэщІыпхъэр
Анэ быдзышэм щІыгъуу
къыссэпльхьащ.
Нэхъыжьхэм я нэкІу эхъуа
тхьыпхъэщІыпхъэм
Дахагъэу иЕр
Пасэу сигу хьихьащ.

СыщигуфІэгъуи
БамПІэр къыщыстеуи
Сэ си гур яп дыдэ
Уи деж жащ,
Уи жыг къудами къеІэху
хьэщхьэтеуэ,
Уэ умыльагъуу
Нэпс къысфІыщІэжащ.

Сэ си жылэжьу
ФІыр зыхуэзгъэфащэ,
УзгъэфІэжьну сыткІэ сынотэн?
СлъэкІамэ,
Дыгъэм пхуэзІуищэ фащэм
Сэ лэгъупыкъур угъэгу
пхуэхэздэнт.

Си усэ

Адэм и къуэр игегъажьэ зауэм,
ШагъдиЙ ІуипІэр ищІауэ Іэдэж,
ЩІалэр еуцИй зыхуигъэзауэ:
- Уи лъэпкъ напэр аІы хуэдэ
хъумэж!..

Бгырыс щІыхьыр тыншкъым
пхъумэжьныр,
Хьэрун ещхьу къэкІуэсэжмэ ар,
Хьэзырщ анэм жэуапу итынур:
- Пхухъу хьэрэм быдзышэу
сщІэпфыкІар!..

Сэри утезгъэуващ гъуэгуанэ,
Уэ, си усэ, ар мы гъуэгу зэтес,
ЦІыхухэм я гум гуапэу унэсыну
Сыпщыгугъуэу си дзыхь узогъэз.

Ауэ сэ уэ пІэщІэслъхьар мыЗщэ -
Сигу хуэбагъыр тыгъэу узогъэхь,
ПщысТІэгъащи сэ рифмипІыр
фащэу,
ЛІыкІуэ узыхуэсщІхэм хуэхъу
гурыхь.

Сэ Іуэхутхьэбзэу уэзгъащІэр
нэхъапэщ,
МызэщІауэ къуумыгъаз ар...
Ягу зэбгъабгъэу тепхэм си напэр,
Пхухъу хьэрэм гурыщІэу
уэ пхэсльхьар!

Адыгэ шы фІэдзапІэ

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм хэту Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъу

Адыгэ пщІантІэм шы фІэдзапІэр
Дэтщ уи гуГъэнуи щхьэгъэрыт,
И Іэпэр уафэм щІиущІауэ
Дыгъэпсыр псоми пфІощІ ярит.

Ешауэ блэкІмэ гъуэгурыкІуэр,
Кърегъэблагъэ - ІуипІэІыгъщ.
Нэщхъейуэ я къакІуэмэ щыхьэкІуэр,
Ар сын гъэжащи, гуауэр щІыгъущ.

Зауэ махуэу - щыгъупщакъым -
Адыгэш ІуипІэу иІыгъар;
КъызэранакІуэ шы лъэ макъыр,
ШууейкІэр гъуэгу щытехьагъар.

Тенауэ и нэр йоплъ
ШыхулъагъуэМ -
КъыфІощІ бын къэтэгъэ
кърикІуэж...
Псыпыхуэм я шы соку хелъагъуэ,
АрщхьэкІэ ахэр щхьэгъэпщІэжщ.

Мы пщІантІэм бийр шым
къыщепсыхьу
А шы фІэдзапІэр ІуипІэІыгъ
Яхуэмыхъунырщ, псэм щымысхьу,
ЩІапІар шууейхэм щІыр
пІэщхьагъ.

ХьэщІэщ Іухам и гъэзугъэльагъуэу,
ИмыщІу хьэщІэ зэхэгъэж,
Адыгэ хабзэм и хуэмакІуэущ
Ар щІыхасари - егъэпэж.

Насып иІэкъым гужьейм

Сыхалъхуащ сэ мэкъумэшыщІэм,
Хьэлу Іыхьэр къыздикІ зыщІэм,
МащІар куэду къэзылъытэм,
ЛІыгъэр ІуэхукІэ къэзыщыгъэм.

Сэ сигъэфІэщакъым гъащІэм -
Згъэунэхущ и ІэфІи дыдэж...
Къыслыс Іыхьэри сфІэмащІэу
Зым губгъэн хуэсщІакъым
зыкІи.

Изыр итІкІэ сыппшынэжу
ГъащІэ Іыхьэр схьын сыхуейщ сэ,
СфІэщІуи зыгуэр сыхэнэжу
Сыхуэмей сыхъун щхьэхуещэ.

Гъаблэм щищІым Іэмалынщэ
Къигъуэтт си анэм Іэмалищэ...
И псэлъафэу жиЕрейт:
«Насып иІэкъым гужьейм!..»

Анэ псалъэрщ зэхэсх макъыр
Сэ сыт щыгъуи джэрпаджэжу,
Анэ псалъэрщ си бэракъыр
Гъуэгугъэлъагъуэу къысщхьэпэжу.

Гуауэр сэ къыщысхуепсыхми,
Насыпышхуэ къыщыслъысми,
Сэ къыслхьхьэу къару ин,
ЛъэхЪэу сигъэпейтеин,
Си бзэгупэм пылъщ хьэзыру,
Си бзэгупэм пылъщ зэчыру:
«Насып иІэкъым гужьейм!..»

Уи цІэр Мадинэ, хьэмэ Маринэ?

(Уэрэд)

Зи ныбжьэгъу пэжыр
зыфІэкІуэдауэ,
Сэ къуажи къали къызощ,
Махуээ симыІэу укъызолъыхъуэ,
Сыщпхуэзэнур дапщэщ?

Ежьу:

Хэтхэ узипхъур,
Хэт узишпхъур,
Сэ си насып зыхэлъ?
Уи цІэр Мадинэ,
Хьэмэ Маринэ?
Зэ закъуэ уэ къыслукъуэплъ.

НэкІукІэ зэкІужрэ хьэлкІэ
гущыкІыу
Тетщ хъыджэбз Іэджэ дунейм,
Ахэм ущыщу укъыщІкІыну,
Си тІасэ, сэ сыхуэмей.
Ежьу.

Уэ укъэзгъуэтмэ, гъэмахуэ роэзу
Мы си гум зыщІэсщ,
ИгъащІэ псокІэ сыарэзыуэ
Гум и ІункІыбзэр уэстынщ.
Ежьу.

Уи гум сэр папщІэ илъу зы
хъуаскІэ
Уэ зыкъэзгъащІэ къудей,
Сыарэзыщ сэ зэхэдублэнкІэ
Ди хьэгъуэлІыгъуэр пщэдей.
Ежьу.

Гъатхэпэ

Гъатхэпэщ.
Къощхьыр уэшх,
Къабзабзэу, гуфІэ нэпсу,
Насып абы егуэш,
ВагъэщІэм и псэм нэсу.

ЩІэжьейхэр губгъуэм дож,
Дунейр яфІэщІыгъуэу.
Къаз шырхэр зэрыдощ,
Къаз анэм ящІыгъуу.

Ди ныджэр щІигъэнащ
ГъэхъуантІагъэ аІэрыбгъуэм...
Уэрэдыр къыхидзащ
Гъатхэпэ псыхьэлыгъуэм.

Жыг къэскІэ къуалэбзыр
НэщхъыфІэхэу щоусэ,
Иджы ууейщ чэзур -
ЗадэщІ абы, си усэ.

Адыгэ уанащІэхэр

Ди адэжьхэ, адыгэ уанащІэхэ,
Фи ІэщІагъэр дапщэщ фыбгына?
Фи Іэзагъэр дуней псом
къыщащІэти,
Іэмэпсымэр дэнэ къыщывна?

Ди лъэпкъ напщІэу
адыгэш-гъэхуэжьейхэм,
МэкІуэдыжьыр жьыфІэу, фытегъа?
Е Андемыркъан и къуэш ищІуэйхэм
Хуэмыхуфэ ефплъу фигу еБгъа?

Фи ІэщІагъэм иЕа пщІэр мымащІэ:
ШУ зауэлІхэм лІыгъэр ядэфІыгъ.
ЩІхьэмыщІаазэу биийхэр
щыхагъащІэм...
Щыженнум - уанэр я пІэщхьагът.

ЗекІуэ кІуэм хутефлъхьэрт
уанэ махуэ.
Уанэр дамэт, джэгуМэ шурылъэс.
Нэщхъеягъуэ къыщихъуами лъахэм
Фи уанэгу щыхьэкІуэ шум ялыст.

Фэ зэманым фыкъригъэкІуэту
ФщІар хэщІанІэ дэнэ дек дурэш?
Фи Іэ лэжьэреГхэр фхуэмэыбыду
Къэхъукъэ фи ІэщІагъэм
щыхуэзэш?

Уанэ щІыныр щыщыгъэтыжь
махуэм
Псоми фа зэхэфлъхьэу фи гуныль,
Адыгэ уанащІэм ІуащІхьэмахуэ
Фи ІэщІагъэм хуэфщІагъэнщ
фэеплъ.

«КавказыщІымрэ абы и щІыхухэмрэ» серием ящищ черкешенкэ.
Сурэтыр зыщІар наГужьым.

Дапщэ дыхъурэт?

ГъэщІэгъуэнщ

Адыгэ тхыдэм и нэхъ Іуэхугъуэ зэІумыбзхэм ящыщщ абыхэм я бжыгъэр XVIII - XIX лІэщІыгъуэхэм зэрыхъуу щытар. Ди лъэпкъэгъуэхэм я бжыгъэр нэхъ белджылы хъууэ щыщІидзар XVIII лІэщІыгъуэм и кІэхэрщ.

АБЫ и щхьэусыгъуэр гурыІуэгъуэщ: Кавказ зауэр зэхаубла нэужь, урыс дзэпщхэми хамэ къэралхэм кьикІ лІыкІуэхэми яльытэ хьауад адыгэхэм (къэбэрдейхэм, бесльэнейхэм, шапсыгъэхэм, абазэхэхэм, натхъуэджхэм, бжьадыгъуэхэм, кІэмыргуейхэм, жанейхэм, н.) я щІыху бжыгъэр. А Іуэхур япэ зыублахэм ящыщщ урыс щІэнЪлъэпкъэ, тІасхъэщІэхэр, дипломатхэр. Абыхэм я нэхьыбэм а зэманым кьызэрагъэлъэгъуамкІэ, адыгэхэм я бжыгъэр мин 300-м къыщыщІэдзауэ мин 500-м нэсу арат. Апхуэдэ бжыгъэхэр къагъэльагъуэ (XVIII лІэщІыгъуэм и япэ Іыхьэм тешІыхьауэ) урыс генерал Блэрамберг (мин 500), барон Сталь (мин 307-рэ), урыс тІасхъэщІэх Торнау (мин 495-рэ). Адыгэ тхакІуэ, щІэныгъэлІ Хьан-Джэрий зэрилъытэмкІэ, адыгэхэр 1836 гъэм мин 265-рэт зэрыхъур. А бжыгъэм нэхъыбэ зы мащІэкІэ нэхъыбэщ Берже Адольф 1858 гъэм кьигъэлъэгъуар - мин 290-рэ.

ГъэщІэгъэнраКъэ, а бжыгъэхэмкІэ акъылэгъу мэхъу совет зэманым а Іуэхум тетхьыба щІэныгъэлІ зыбжанэ. Псальэм гащІэ, Гарданов Константин зэрилъытэмкІэ, XVIII-XIX лІэщІыгъуэхэм адыгэхэм я бжыгъэр мин 500-м щІигъу щытакъым.

Адыгэхэм я хабзэхэмрэ я псэуклэмрэ кууэу щыгъуазэ зыхуэзыщІаХэм ящыщщ поляк революционер цІэрыІуэ Лапинский Теофил (1826 - 1886 гъгъ.) 1857 гъэм Шэрджэсым къакІуэри, илъэсищкІэ ахэтащ адыгэхэм (шапсыгъэхэм, натхъуэджхэм). Зэрыгугъуэгъэщи, Лапинскэр щІэмыупщІэнкІэ Іэмал иІакъым адыгэхэм я бжыгъэм, 1863 гъэм Гамбург къыщыдигъэкІа тхьилъэм («Кавказ бгыпсхэмрэ абыхэм я хуитыныгъэм папщІэ урысхэм драгъэкІуэкІа бэнэныгъэмрэ») зэрыщитхьмкІэ, кІахэ адыгэхэм (къэбэрдейхэмрэ бесльэнейхэмрэ хэмыту) я бжыгъэр Лапинскэм мин 900-м щІигъу ельытэ. Абыкіэ щхьэусыгъуэ и мащІэкъым Лапинскэм.

«Зауэм хэт шэрджэс лъэпкъхэм я бжыгъэр гъэбелджылауэ зыми ищІэркъым, - етх Лапинскэм. - Сэ зэрысльытэмкІэ, ахэр мин 900-м щІегъу. Урыс тхьилъ гуэрым сыщрихьэлІащ. нэгъуущІ бжыгъэ - мин 290-рэ. Урыс тхьилъэкъм къраухьажауэ, европей автор куэдми къагъэлъагъуэу апхуэдэ бжыгъэ... Шэрджэсхэм къэзауриутІыпщынутэкъым урыс пащтыхьым, абыхэм я хэкум щІыху мин 290-рэ фІэкІа имысатэмэ».

Лапинскэр, зэрыжьыІащи, Шэрджэсым къыщыкІуар 1857 гъэрщ - Кавказ зауэр и кІэм нэблэгъаеуэщ. Абы и пэкІэ, 1829 гъэм, адыгэхэм я деж тІасхъэщІэх къэкІуауэ щытащ урысыдзэм и генштабым и лэжьакІуэ Новицкий Г. В. Абы а гъэм кьызэрилытамкІэ, адыгэхэр (кІахэ адыгэхэр, нэгъуэщІу жыпІэмэ, ХVIII лІэщІыгъуэм (ХIX лІэщІыгъуэр къиХьэху) къэбэрдейхэм а бжыгъэр мин 500 нэхъри нэхъ мащІэ хуэущ щытакъым - абы щхьэхэт тохъуэу тхьыдэр. 1793 гъэм Къэбэрдеймрэ къэкІуауэ щыта академик Паллас Петр Симон зэриТхамкІэ, зауэ къащІэхъуэмэ, къэбэрдейхэм зы мин 20 яГъэшэсыфу щытащ. Къэбэрдейм и тхьдэм щыІуэгъэзэм фІыуэ ещІэ шууэ зауэм Іухьэм я нэхъыбапІэр уэрхъэхэм КъахэкІауэ зэрыщытар: къэбэрдейхэр мелуан ныкъуэ нэхъыр нэхъ мащІэ хуэущ я щытатэмэ, уэрхъ шу мин тІощІ яГъэшэсыфныкІэ Іэмал иІакъым. Уэрхъ шу къэс, зэрыхабзэтэ, зауэлІ зытхух щІагъуэт, нэгъуэщІу Іуэгъэмэ, академик Паллас щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, адыгэхэм зауэм Іуашэфырт, шуми лъэсми, щыху минищэ. Апхуэдэдзэ зэщІамыгъэшэсэфтэмэ, къэбэрдейхэм 1708 гъэм къРым хъаным и дзэ фІыщІэр (мин 80 хъур) зэхакъутэфынтэкъым - а зауэм и хьыбар куэд щхьэхэщ урыс тхьдэмрэ европей авторхэм я тхыгъэхэмэ.

Адыгэ унагъуэм щыху 20-м нэхъри нэхъыбэ исауэ елытэ профессор Дзэмыхъ Къасболэт. Абы зэриТхьмкІэ, адыгэ унагъуэм, XVIII-XIX лІэщІыгъуэхэм тепщІыхьмэ, щІыху 20-м къыщыщІэдзауэ щыхуи 100-м нэхъ ису щытащ - абы и щхьэусыгъуэр зы адыгэ пщІантІэм унагъуэ зыбжанэ зэрыдзэсащ (зы адыгэ пщІантІэм, зэрыжьІтІащи, унагъуэ хъуауэ зэкъуэш зыбжанэ зэс хабзэу щсуху). Абы ипкъ иткІэ, Дзэмыхъ Къасболэт ельытэ Къэбэрдейм XVIII лІэщІыгъуэм икуэм деж щІыху мин 450-м нэс исауэ. Тхьдэр щыхьэт тохъуэ, етх Дзэмыхъым, къэбэрдей адыгэхэм зы жещІмахуэм и кІуэцІкІэ щу мин 30 яГъэшэсфу зэрыщытам. Ар Къэбэрдеймрэ и закъуэ!

ЩІэныгъэлІ куэдыр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, кІахэ адыгэхэм (иджы адыгейкІэ дызэджэхуэхэм) я бжыгъэр зы мелуанми щыхьэзэтенэу щытакъым, куэдым ятх а бжыгъэр зы мелуанрэ мин 700-м нэсу зэрыщытар. Псальэм папщІэ, ДьячковТарасов Николай 1853 гъэм итхъыгъащ: «Фельдмаршал Паскевич и унафэкІэ зэхуахьэса хъыбархэм тепщІыхьмэ, бгырысхэм (адыгэхэм) я бжыгъэр зы мелуанрэ мин 700-м нос, абыхэм зауэм Іуашэфынущ зауэлІ мин 290-рэ». Псыжь къзакъэм я тхьдэм щыхьэ Щербинэ Ф. А. фІэмащІэщ уеблэмэ Новицкэм къигъэльагъуэ бжыгъэр - 1082200-р. Абы нэхърэ нэхъыбащ щэрджэсхэр (кІахэ адыгэхэр), итхыгъащ Щербинэ.

Адыгэхэм я бжыгъэр зы мелуаным кІэдзэ щІигъуу зэрыщытам щыхьэт тохъуэ Кавказ зауэм и уэкІэ хэкур зыбгынауэ щыта цІыху бжыгъэр. Абхъаз щІэныгъэлІ цІэрыІуэ Дзидзарие Георгий зэриІыхьэтэмкІэ, Тыркум Іэпхъуэуэ щытащ бгыпс ныс 900-м нэс (Кавказ зауэм и уэкІэ хэкум кьинэжар щыху мини 100-м щІигъужьрэ тэкъым).

МЫЩОКЪУЭ Гъузер.

Ди нысэ

ІуэрыІуатэ

Уэрэдэ махуэ, ди нысэ!
Данэмрэ дыщэмрэ
зи гущхьэ!
И гублащхьитІыр
дыжьынкъэ!
Уэрэдэ махуэ, ди нысэ!
И дыжьын щІыІур
алътесщ,
Алътес гъуэжьыр
и гуапэщ.
Уэрэдэ махуэ, ди нысэ!
Уэгум ит мазэр и напэщ,
Напэху дахэм зегъаазэ.

Уэрэдэ махуэ, ди нысэ!
Бгъащхъуэм дэхуарэзм
укъешэ,
Укъэзыша щауэм уэ джжь.
Уэрэдэ махуэ, ди нысэ!
Жыр лэныстэшхуэр
уогъабзэ,
Жыр мастэ щІыкІум уродэ.
Уэрэдэ махуэ, ди нысэ!
ЩІхьэнтэм утесмэ -
тхъэрыкъуэ!
Зыбукъуэдийм - асльэн!
Уэрэдэ махуэ, ди нысэ!

ПсэлъафэхэР

Бейкъан и лъагъуэ

НЭГУМЭ Шорэ зэритхымкІэ, куэд щІауэ къэгъуэгурыкІуэ псэлъафэхэм яхъуэмащ адыгэхэм гъэнэгу кьахуэхъугъа пасэрей лъэпкъыжьхэм е абыхэм зауэ къезыщІылІауэ щыта бийхэм я лъэужь. Ауархэм (обрхэм) кьращІылІа лъыгъажэ зауэм и ужькІэ (6-нэ лІэщІыгъуэм) адыгэ тхьдэм щыхьэнащ абыхэм я дзэпщ кьанлым и цІэрэ а зауэм кьыдежьа псэлъафэрэ: «Бейкъан и хьэдэ лъагъуэкІэ адыгэхэр зэзджэу щытар Псыжьрэ фынкІэ ІфІыщэмрэ зэпызыщІэ гъуэгурагъ (Анапэ екІуалІэу). «Анапэрэ Суджыкъу кьаІэрэ яку ущрохьэлІэ мывэду гуГъэн, - етх Нэгумэ Шорэ, - абы Байкъан и шы пщІэгъуалэкІэ йоджэ адыгэхэр». БакановскэкІэ зэджэ станицэм цІэ хуэхъуар аращ - натхъуэджхэм (адыгэ лъэпкъхэм ящыщ зым) Кавказ зауэм и ужькІэ ирагъэбгына щІынальэрщ пасэрей ауар дзэпщым и цІэр нобэ зелъхьэ з хьэзэакъ станицэр зэрысыр.

Тьыдэм щыцІэрыІуэщ сэрматкІэ (щэрмэткІэ) зэджэ пасэрей лъэпкъыжьхэр. Сэрматхэмрэ адыгэхэмрэ зэгъэунэГъуащ, щыІэзэауи, сату щыІэздащІи, яль щыІэзэльади куэдрэ кьэхьуу. Нэгумэ Шорэ и «Тьыдэм» ущрохьэлІэ адыгэхэм я гъунэгъуэм, сэрматхэм, щхьэкІэ жаІэу щыта зы псальэ: «УшейтІанкъым, ущэрмэткъым - дэнэ укьикІа?» Шорэ зэритхымкІэ, ар хужаІэ кьыздикІар ямыщІэ, я мынэІуэсэ цІыху гушыІэрейм. Сэрматхэр адыгэхэм благъэ дыдэ кьахуэхьауауэ зэрыщытам щыхьэт тохъуэ Нэгумэм и «Тхьдэм» хитха пасэрей псэлъафэхэр.

Пасэрей герман лъэпкъыжь Гуэр (гъутхэр) адыгэхэм кьалъэІэсауэ зэрыщытам щыхьэт тохъуэ тхьдэр - адыгэхэр Тэнфуфэнэс итугъауэ щыІэщыта лъэхъэнэм: Скандинавием кьыщежьэри, куэщуэр, гъутхэр адыгэ щІынальэм и гъунапкъэм благъэ кьыхуэхъуауэ щытащ. Нэмыцбзэм ноби ущрохьэлІэ адыгэбзэм кьыщежьа псалъэ зыбжанэ, кьэбгъэльагъуэмэ, нэмыцэхэр вакъэм зэреджэ псалъэр - «щу»; ар кьызыитекІар адыгэбзэм хьума щыхьэ «чу» («вы») псалъэрщ: вакъэм кІахэ адыгэхэр зэреджэр чуакъщ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, «выфэ вакъэ». Гъутхэмрэ адыгэхэмрэ щыІэлъэІэса лъандэрэ адыгэбзэм кьыхэнащ «уардэ унэ», «уардэ сэрей» (гъут унэ», «гъут сэрей») псэлъафэхэр - Шорэ абы щэч кьытрихьэркъым.

Зи гугъу тщІа псэлъафэхэм гъуэгуанэ кІыхь кьыІэпачащ, пасэрей лъэпкъыжьхэм я хьыбар кьахьэсащ ди деж. Абыхэм зи цІэ яхьума пасэрей лъэпкъыжьхэр (ауархэр, сэрматхэр, гъутхэр) тхьдэм кьелачкъым - е кІуэдыжащ, е нэгъуэщІ лъэпкъхэм хэшыпсыхьыжащ, я цІэр дунейм кьытранэри. Абыхэм я цІэ зи тхьдэм кьыхэна лъэпкъхэм ящыщщ адыгэхэр.

КЪАРТУЛ Хьисэ.

Щакіуэмрэ мэзылімрэ

ЗылІ щакІуэ ежьауэ мэзылым ирихьэлІащ.
- Дыгъэгъэбэн, текІуэм дегъэпль, - жиІащ мэзылым.
- Хьунщ, - арэзы хьуащ щакІуэр. - Ауэ япэ щІыкІэ си шынэхьыщІэр кьоэгъэбэнынщ.
- Ари содэ, - жиІащ мэзылым.
Мэзылым зы бгъуэнщІагъ иришэлІащ щакІуэм.
- Си шынэхьыщІэр мыбы щІэсащи, щІыхь, фызэбэн, - жиІащ щакІуэм.
БгъуэнщІагъым мыщэ щІэсти, мэзылым щыщІыхьэм, мыщэм иубыдри кьыщэхиІуэтащ. Армыгъуейуэщ кьыщэрыІэщІэкІар.
- Дауэ хьуа? - еупщІащ щакІуэр мэзылым.
- Сыпэльащакъым, - жиІащ мэзылым. - Иджы дыздэгъажэ.
- Уэзбэнам нэ хьрэ нэхьыщІэжи сиІэщи, ар кьыбдзэгъэжэнщ, сэ укьыспимыхьэ - укьысщІэмыхьэмэ, ущІегъужьынщ.
Мэзылыр губгъуэм иришэри, пабжьэм хэх тхьэкІумэкІыхьыр иригъэлъэгъуащ:
- Мобы утэжмэ, итІанэ сэ сыбдэжэнщ, - жери.
Щакіуэм щигъащтэм, тхьэкІумэкІыхьыр пабжьэм кьыхэжащ, абы кІэлъыжа щхьэкІэ, мэзылыр щІыхьакъым.
- СыщІыхьакъым, - жери мэзылым кьигъэзэжащ.
- Иджы сыткІэ дызэпеуэн? - еупщІащ щакІуэр мэзылым.
- Уафэм шабзэкІэ дыдэуеинщ. У и шабзэр нэхъ щІэх кьехьыжрэ - сыпткІуащ, си шабзэр нэхъ щІэх кьехьыжрэ – укьыстекІуащ, - жиІащ мэзылым.
Мэзылым и шабзэр щэджагъуэм иутІыпщри, пщыхьэщхьэхуеГъэзэкІ хьуауэущ кьыщехьжар.
- УтІыпщ уи шабзэри, - жиІащ мэзылым.
- Си шабзэр дыгъуасэ сутІыпщати, абы лъандэрэ уафэм кьехьжакъым. Дэпльейт: уафэр сугъэурэ пшэм щІиуфэжащ. Пшэ кьытримыкьытэмэ, уафэ гъуэнэм уиплъэнут, - жиІащ щакІуэм.
- Уафэрэ щыбгъуэнакІэ, шабзэри дыгъуасэ лъандэрэ кьыщемыкьжакІэ, абыхьи укьыстекІуащ, уэ сэ сльагъум кьыпплыс-хьын щыІэкъым, - жери мэзылыр мэзым хьыхьжащ.

Илъэс куэд хьуауэ Адыгэ къэрал университетым и ректорщ Хьунэгу Рашид, Ар социологие щІэныгъэхэмкІэ докторщ, профессорщ, ІЩДАА-м и академикщ.



Экономикэ | Политикэ

Махэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

Шэшэн хэхэсхэр Норвегием кърахуж

Фэбжь ятелъу къагъэзэж

УНАГЪУЭ 50 Урысеим къкырагъэшэжащ, ауэ абыкІэ къэувыІэнухьым. Хуэбгъафащэ зэрыхъунымкІэ, Норвегием и мурадщ шэшэн яхэтІыс хьаХэр кьыдыхахужьыну.

Норвегием и щыналъ 8-м полицейхэм шэшэн щыпсэу зы уни къамыбгаНэу щІалпыкІащ. А зы Іуэхугъуэм къринкІуащ зэуэ унагъуэ 50 къэралым къражжьыныр. Полицейхэм зэрыжаІэмкІэ, мыр зэрымыщІэкІэ къэхъуа Іуэхухьым; куэд щІащ шэшэнхэм хьыбар зэрырагъащІэрэ я хэкум ягъэзэжьын хуейуэ. Шэшэн зауэм щыгъуэ бысымыфІ къахуэхьуахэм жаІэ шэшэнхэм псалъэмакъ лей кьыхамыгъэкІыу Кавказ Ищхъэрэм Іэпхъуэжьын зэрыхуейр. Арщхьэкіэ «хьэщІэхэм» ар ядэркъым. Абы кьыхэкІащ полицейхэм я кьарур кьагъэсобэныныр.

Мы Іуэхур дапщэщми къэхъунут, ауэ ар щІэзыгъэпсынщІар «Зыужьыныгъэ» партым и лІыкІуэу Норвегием и парламентым хэт Амуннсен Вилмиц. Абы кьыхилъхьащ гуэзвэгъуэм кьыхэкІыу зи лъаХэ зыбгъына цыхуэхэр Норвегием кьызэрыкІуэ, кьызэрынэ щІыкІэм хэпльэжьин, а Іуэхур гъэтхІинн хуейуэ.

- Терроризм, щІэпхъаджагъэм пыща цыхуэхэр, урысеидзэм пэщІэту сэлэт, милицэм и лэжьакІуэ зыуфлахэр ди къэралым кьышІидтъэхьэн щыІэкъым, Іэмал имыІэу хэпльэжьин хуейщ залымыгъэм (зауэм, гъаблэм) кьызыгъэжьхъэм ятеухуэ Конвенцэм,- жеІэ депутатым.

Хабизаевэ Эсет и унагъуэр илъэс зыбжанэ хьІауэ, я уит зыщІ документхэрэ яІэу Спортлендэ щыпсэурт. Сабиитхэу яІэщ зэщхьгъуэгъуэхэм, илъэси 3 - 17 ныбжьхэм иту. Аэхр апх уэдизкІэ псынщІэу зыхуэжати, сабиитхэм я щыгъынхэр, зэрыщІэгу къэпшыпхэр зэщІапсъуэкІыну хунэсакъым. Москва и аэропортым нэху кьыщекІхэри, Петрозаводсккіэ яунэтІащ. А кьаІэращ нобэми зэдэщыІэр.

- Аэхр гужьеящ, я Іуэхур зэрыхъунур ящІэркъым. Норвегием щІегъэжьу кьэралым играгъэхьэ жьыну мэпуГъэхэр, - кьыщыджалащ цыхуэхэм я хуитныгъэхэм кьыщхъэщыкъ «Мемориал» центрым.

Норвегием зэкІэ кьина шэшэнхэр пэпльэу щыскъым полицейхэр я бжэм кьыщытеуІуэнум. Абыхэм лъІыуІэ зыхуэгъэзащ къэралым и премьер-министр Столтенберг Йенс.

- Шэшэн хэхэсхэм я хуитныгъэхэм зыри епльыжркъым, щІэпхъаджагъэ зыщІа гуэрхэм хуэдэуш къэралым эрыпрахужьыр. Абыхэм я дежкІэ шынагъ уэщ Урысейм яГъэзэжьыныр. Залымыгъэ кьыззэрыткІэлъыдзэрахьэм теухуауэ Апелляцэмкіэ советы дыхуэпхьэу сыхэну дыхуанагъэкъым. Нэгъэущ къэралхэм залымыгъэм кьыхэкІыу кьиІэпхъукІа цыхуэхэм ядэІэпыкъуным теухуауэ Норвегием и международнэ пщэрыдЫхэр игъэзащІэркъым. Абы и щыхьэтщ Мужихоев Абубакар и унагъуэм иращІар. ИльэсибІ хьуащ и щхьэгъусэмрэ бынипІымрэ и гъуэсу ягъэзэжьын хуейуэ. Шэшэн зауэм щыгъуэ бысымыфІ къахуэхьуахэм жаІэ шэшэнхэм псалъэмакъ лей кьыхамыгъэкІыу Кавказ Ищхъэрэм Іэпхъуэжьын зэрыхуейр. Арщхьэкіэ «хьэщІэхэм» ар ядэркъым. Абы кьыхэкІащ полицейхэм я кьарур кьагъэсобэныныр.

Мы Іуэхур дапщэщми къэхъунут, ауэ ар щІэзыгъэпсынщІар «Зыужьыныгъэ» партым и лІыкІуэу Норвегием и парламентым хэт Амуннсен Вилмиц. Абы кьыхилъхьащ гуэзвэгъуэм кьыхэкІыу зи лъаХэ зыбгъына цыхуэхэр Норвегием кьызэрыкІуэ, кьызэрынэ щІыкІэм хэпльэжьин, а Іуэхур гъэтхІинн хуейуэ.

- Терроризм, щІэпхъаджагъэм пыща цыхуэхэр, урысеидзэм пэщІэту сэлэт, милицэм и лэжьакІуэ зыуфлахэр ди къэралым кьышІидтъэхьэн щыІэкъым, Іэмал имыІэу хэпльэжьин хуейщ залымыгъэм (зауэм, гъаблэм) кьызыгъэжьхъэм ятеухуэ Конвенцэм,- жеІэ депутатым.

Хабизаевэ Эсет и унагъуэр илъэс зыбжанэ хьІауэ, я уит зыщІ документхэрэ яІэу Спортлендэ щыпсэурт. Сабиитхэу яІэщ зэщхьгъуэгъуэхэм, илъэси 3 - 17 ныбжьхэм иту. Аэхр апх уэдизкІэ псынщІэу зыхуэжати, сабиитхэм я щыгъынхэр, зэрыщІэгу къэпшыпхэр зэщІапсъуэкІыну хунэсакъым. Москва и аэропортым нэху кьыщекІхэри, Петрозаводсккіэ яунэтІащ. А кьаІэращ нобэми зэдэщыІэр.

- Аэхр гужьеящ, я Іуэхур зэрыхъунур ящІэркъым. Норвегием щІегъэжьу кьэралым играгъэхьэ жьыну мэпуГъэхэр, - кьыщыджалащ цыхуэхэм я хуитныгъэхэм кьыщхъэщыкъ «Мемориал» центрым.

Норвегием зэкІэ кьина шэшэнхэр пэпльэу щыскъым полицейхэр я бжэм кьыщытеуІуэнум. Абыхэм лъІыуІэ зыхуэгъэзащ къэралым и премьер-министр Столтенберг Йенс.

Фэбжь ятелъу къагъэзэж

УНАГЪУЭ 50 Урысеим къкырагъэшэжащ, ауэ абыкІэ къэувыІэнухьым. Хуэбгъафащэ зэрыхъунымкІэ, Норвегием и мурадщ шэшэн яхэтІыс хьаХэр кьыдыхахужьыну.

Норвегием и щыналъ 8-м полицейхэм шэшэн щыпсэу зы уни къамыбгаНэу щІалпыкІащ. А зы Іуэхугъуэм къринкІуащ зэуэ унагъуэ 50 къэралым къражжьыныр. Полицейхэм зэрыжаІэмкІэ, мыр зэрымыщІэкІэ къэхъуа Іуэхухьым; куэд щІащ шэшэнхэм хьыбар зэрырагъащІэрэ я хэкум ягъэзэжьын хуейуэ. Шэшэн зауэм щыгъуэ бысымыфІ къахуэхьуахэм жаІэ шэшэнхэм псалъэмакъ лей кьыхамыгъэкІыу Кавказ Ищхъэрэм Іэпхъуэжьын зэрыхуейр. Арщхьэкіэ «хьэщІэхэм» ар ядэркъым. Абы кьыхэкІащ полицейхэм я кьарур кьагъэсобэныныр.

Мы Іуэхур дапщэщми къэхъунут, ауэ ар щІэзыгъэпсынщІар «Зыужьныгъэ» партым и лІыкІуэу Норвегием и парламентым хэт Амуннсен Вилмиц. Абы кьыхилъхьащ гуэзвэгъуэм кьыхэкІыу зи лъаХэ зыбгъына цыхуэхэр Норвегием кьызэрыкІуэ, кьызэрынэ щІыкІэм хэпльэжьин, а Іуэхур гъэтхІинн хуейуэ.

- Терроризм, щІэпхъаджагъэм пыща цыхуэхэр, урысеидзэм пэщІэту сэлэт, милицэм и лэжьакІуэ зыуфлахэр ди къэралым кьышІидтъэхьэн щыІэкъым, Іэмал имыІэу хэпльэжьин хуейщ залымыгъэм (зауэм, гъаблэм) кьызыгъэжьхъэм ятеухуэ Конвенцэм,- жеІэ депутатым.

Хабизаевэ Эсет и унагъуэр илъэс зыбжанэ хьІауэ, я уит зыщІ документхэрэ яІэу Спортлендэ щыпсэурт. Сабиитхэу яІэщ зэщхьгъуэгъуэхэм, илъэси 3 - 17 ныбжьхэм иту. Аэхр апх уэдизкІэ псынщІэу зыхуэжати, сабиитхэм я щыгъынхэр, зэрыщІэгу къэпшыпхэр зэщІапсъуэкІыну хунэсакъым. Москва и аэропортым нэху кьыщекІхэри, Петрозаводсккіэ яунэтІащ. А кьаІэращ нобэми зэдэщыІэр.

- Аэхр гужьеящ, я Іуэхур зэрыхъунур ящІэркъым. Норвегием щІегъэжьу кьэралым играгъэхьэ жьыну мэпуГъэхэр, - кьыщыджалащ цыхуэхэм я хуитныгъэхэм кьыщхъэщыкъ «Мемориал» центрым.

Норвегием зэкІэ кьина шэшэнхэр пэпльэу щыскъым полицейхэр я бжэм кьыщытеуІуэнум. Абыхэм лъІыуІэ зыхуэгъэзащ къэралым и премьер-министр Столтенберг Йенс.

Зрагъэпlрэ, хьэмэрэ европей хъуну хущІэкъуэ?

КАВКАЗЫМ икІаэр гугъу йоХь Европэм щыпсэухэм я дуней тетыкІэм, дэжькІэм зытрагъэхэуныжкІэ. Австриемрэ, Бельгиемрэ, Норвегиемрэ я газетхэм зыбжанэрэ кьаІэтащ хэхэсхэр зэрыІэдэбынщэм теухуа, ахэм щыхьэт техьуэ Іуэхугъуэхэр. 2005 гъэм Нордбибратен я иращ джащ полицейхэр. А кьаІэм щыІэщ щэщэн, ингуи хэхэсхэм я центр. Норвегием и щІыхуэху я центрым щылажьхэхэм псоми нэмэз ящІын хуейуэ, щорт щатІагъэу ямыдэну я унафэ лъапкъи ягъэтемыхуэу щІэзыгъэгъуэщ. Центрым и лэжьакІуэхэр апхуэдизкІэ абыхэм ящыщынэ хьуати, гуп-гупурэ фІэкІа я Іуэхущ щІэпсыжьмкІэ кьыщакІухьырт экъым.

Хэхэсхэм я хэщІапІэу Венэ (Австрие) пэгъунэгъ у Трайскирхен лагерым Молдовэ кьиІэпхъукъэхэм я сабийхэр зэранещІэу жаІэу шэшэнхэм щаубэрэжьаи кьхъэ я зэрыкъэзэрыІэм зы щІыкІэ хэкІуэдауэ, 32-м фэбжь хАхауэ щытащ. Жандарми 100-м щІигъу кьэкІуат абы щыІэгъэм лагерым, шэшэнхэр яГъэувыІэну. Абы щыжьа Австрием кьэрал кІуэщІ Іуэхухэмкіэ и министрым унафэ щищІар Трайскирхен щыІэтрихьа шэшэнхэр кьэралым и щыпІэхэм (Венэ хэмыту) трапуэщІну, «хэр гуп зэрымыгъэхъуфын хуэдэу».

- Ауэ псори апхуэдэхъым. Политикэм зэхэзэхуэн ищІа цыхуэм, унагъуэм я стратегиэ кьыщадхьыкІэ, Европэм Іэпхъуа шэшэнхэм я сабийхэр бАлигъ хьуащ. Ахэр я гупсысэкІэкІи, хуитныныгъэ зыхуэдэн хуейр кьаІэрыгуры-Іуэмкіи европейхэм ещхь хьуащ. Патриархальнэ Шэшэным ахэр щыпсэуфынукъым, - жеІэ «Мемориал» центрым и лэжьакІуэ Ганнушкинэ Светланэ.

Ауэ а псом Норвегием и щхьэр щІигъэуэзын щыІэкъым. Аращи, унагъуэ 50-м кьагъэзэжащ анэнэпІэсым хуэдэу кьаухуэщІыбэу кьалпыІэ хэкум. Норвегием абыхэм щагъэузыпт медицинэ хуэІуэхущІэ, мыЕйуэ игъэпсэуфт пособие кьыратыкъым. ИщІэ абыхэм Урысеим кьащыпэпІэ лъІэрыкІуэщІ. Норвегием щІегъуэжу ахэр зэрыримыджэжьынри гурыІуэгъуэщ. Ириджэжьи дэнэ кьэна, гуп-гупурэ шэшэнхэр тхъэмахуэ кьэс хьэрпыкъ кьрихужьнущ.

Бжыгъэхэр

ЕС-м хэт кьэралхэм щэшэну щыпсэур мин 200 - 250 хьуУэ жаІэ. Ахэр 90 гъэхэм Европэр егъэзэпІэ зыхуэхьуахэрщ. Шэшэнхэр щопсэу Германиемрэ, Польшэмрэ, Чехиемрэ, Австриемрэ, Данием, Норвегием, Бельгием.

ЛАВРУХИН Роман.
«Комсомольская правда».

Ди ныбжьэгъу Миронов Андрей

Актер щэджащэм и ныбжьыр илъэс 70 ирикъунут гъатхэпэм и 8-м

Миронов Андрей илъэс блыщІ хъуауэ уи нэгу кьыпхуущІэгъэхьэнукъым. Сыт хуэдэ Іуэхуми хуэждажьр, кьэзыухьурерихь псори зи зэчиём дэнэху, зи щІалэгъуэ дахэ актер - апхуэдэуущ ар дигу кьызэринар.

АРТИСТ щІэрыІуэхэу Мироновэ Мариерэ Менакер Александрэ я кьуэм и адэанэр зэрыхуэупсар гъунэ зимыІэ и зэчиём и закъуэтэкъым, атІэ сыт хуэдэ Іуэхуми щынэхъыфІынри абыхэм къатриха щапхъэт. Ар щынэрылъагъут гъуэздажэми - и щхьэми зыхэтхэми зэрахуэткІиймкІи, и зэпІэзэрытагъымкІи, и хьэл-щэнымкІи зыхыыигъащІэрт. Эстрадэм щылажьэнымр абы и лъым хэлът, а жанрым и нурыр, и псынщІагъыр, и макъамэ тельыджэр Мироновым теартымрэ киномри хилъхьан хуэзафІэкІащ і нэщхьеягъуэ ролхэр щигъэзащІэкІи, а Іэмалхэмкіэ ар нэхъ кууэ зыхыыигъэщІэн хуэзафІэкІыу. Нобэрей телеэкранным ар итуі уи нэгу кьыпхущІэгъэзэхэркъым: абы кууэ зыхыщІэрт сыт хуэдэ пщІыри нэмыкІытагъэри, классикэр сыт щыгъуи зи гъуаэз актерхэм ящыщт.

Мироновым гъуазджэм кьыщикІуа гъуэгуанэр - «А если это любовь?» фильмым хэт щІалэ кьуэгъу цІыкІуэм и ролыр щигъэзэзащІам кьыщыщІэдзауэ Чащкэм, Фигаро, Бендер, Печориным, Фарятьевым, Ханиным я деж нэсу - сыт щигъуи удэхьыхэхщ, кьыкІэлъыкІуэ утыку кьихьэгъуэми щІэ гуэрхэмкІэ узыгъэгугъащ. Абы псори хуэзфІэкІырт, ауэ Мироновым и зэчиём «кьыщачэщІыфакъым», нэсу кьыщагъэсэбэныфакъым киномэ театрми. Ар щытхэкІыжари сценэщэ - гукъыдэжьшхуэ зыхэлъ Фигаро и ролыр щигъэзащІэ спектаклыр, кьарууэ иІэр зыхихьэхэри, и кІэм нигъэсри. Мироновыр дунейм ехьажащ и актер гъащІэм и зэпыльпІэ дыдэм - щІалэгъуэм къэгъазэ зэримыІэр зыгуригъаІуэу кьэкІуэнур зыхуэдэнэм егупсыскІи щыхуэй дыдэм. Апхуэдэуи кьытхуиГъэнащ уафэхъэупскІым хуэдэу дбэкІа махуэшхуэм и гурыщІэхэр, ди гъащІэм щыщу мыхьэнэшхуэ зиІэ Іыхьэ гуэри здихьри. Ар ягу кьыщагъэкІыжкІэ, цІыхуэхэр нэщхьеІуэ икІи гумащІэу кьыпыгуфІыкІынущ сыт щыгъуэ лъэхъэни.

КУЗНЕЦОВ Валерий.
«Российская газета».

Анэ етІуанэ

Сэ кьыззрыстъытэмкІэ, сабийр щыхуу тэмэму гъащІэм хэуэнырр псом яІэу е1ъытащ адэ-анэм, абыхэм яужькІэ - япэ егъэджакІуэм. Си щІалэмрэ хъыджэбзымрэ, Бурэнхэ Милаевэ Ислъамрэ, курыт школым кІуа нэужь, ящэ зыІэрыхьа егъэджакІуэм фІыуэ кьыгурыІуэрт и Іэщагъэм и мыхьэнэр. Абы хэлъ зэхэщІыкІыр, бгъэдэтъ зэчиІр, и гъэ кьабзэр кьыззрымыкІуэщ, езыр щІыхуэ зэпІэззрытщ.

ЦІЫХУМ кьыхуохуэ ІэщІагъэ хуэхъунур куэдрэ кьыщыгъыхуэ, щІыхъэпІыхъ. Зи гугъу фхуэсщІ Цей ФатІимэ апхуэдэкъым. ЕгъэджакІуэ Іэщагъэрат ар кьызыхуигъэщІауэ кІуэнутэрэ, курыт школ нэужьым КъэбэрдейБалъкъэр хэрадзэ университетым и тхьаджэ-филологическэ факультетым щеджащ. 1986 гъэм кьиухри, Шэджэм Езанэ дзэ курыт школ №2-м гъэкъэн зэщыщІидзащ. Абы пьанджэрэ а кьаІэн гугъу зы махуэм махуэ кьэрэ кьыкІэлъыкІуэм нэхъ щІэщыгъуэ щыхьэрэ жьыпІэу, пэрытщ бзылъхугъэ нэсыр и Іэнатіэм. И пщэ кьыкІуэрэ кьаІэныр нэгъэсауэ зэфІигъэкІын папщІэ зи кьару емыбІэж щІэ цыхуэхэм ящыщщ ФатІимэ. Кьыжьыпхъэщ и лэжьыгъэрэ псыхэкІуадэ зэрымыхъур. Кьуажэм, районым, республикэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэхэм пашэныгъэхэр кьыщацхъ абы и еджакІуэжэм. Езым и Іуэху бгъадзыхьэкІэр, егъэджэныгъэ лэжьыгъэм кьыщигъэсобэп Іэмалхэр кьалъытэрэ, щІыхь тхьитІ зыбжанэ кьыхуагъэфэщащ.

ФатІимэ хуащІ пщІэмрэ гулъытэмрэ кьызыпІэкІуэ и лэжьыгъэфІым и закъуэкъым, атІэ цІыхугъэ ин хэпльу, иригъаджэ сабийхэр фІыуэ ильагъуэ зэрыщыгъэр арагъэщІ. Сабийпсэр зэи кьыпхуэгъэзэнцІыкІ. ПэщІэдзэ классым кІуэ цІыкІуэм ахэр етІуанэ яхуохуэ ФатІимэ. Абы и нэІэм щІэт ныбжьыщІэхэм щІэныгъэм и закъуэкъым егъэджакІуэм кьыбГъэдахьр, атІэ абы щапхъэ зэрырихъыным, и Іэдэбагъэ зэрызыхалъхьэным хуищІокІуэ

Хэт нэхъ къулей?

2010 гъэм и иужьрей мазэхэм автомобиль лъапІэхэр, къэрал мылъкукІэ къэзыщІэхуа унафэщІ кудым уголовнэ Іуэхуэхэр кьыхуаІэта нэужь. Урысеим и куулыкъущІэхэм автотранспорт «екъэжьахэр» бдэжэнду кьащтэу щІадзащ.

ГЪЭЩІЭГЪУЭНРАЩІ, бдэжэнду зыІэрагъэхьэ машинэхэр кьахуущэхуну пэтми зытемыгушхуэ лІэужьыгъуэхэм нэхърэ куэдкІэ нэхъ лъэрызехьэщ, нэхъ тынШыгъуэщ, нэхъ лъэпІэщ икІи нэхъыфІщ. Мы гъэм къэрал закъэкІэ къащхуа псом щыщу 70-р къэрал кулыкъущІэхэм бдэжэнду автомобиль лъапсэйхэр кьахуущэным хуэунэтІауэ щытащ. АтІэ, нэгъабэ илъэс псом апхуэдэ заказу щыІар 30-м щІигъуртэкъым. ИкІи 2010 гъэм ди унафэщІхэм нэхъыбэрэ кьыхахырт сом 1 мелуан и уасэ, «Д» классым кьыхьэ седанхэр.

КуэдкІэ нэхъ пудкъым КъэбэрдейБалъкъэрым и МВД-м кьищэхуну зи ужь ит автомашинэри, - Арминоды таможнэм ейм хуэдэщ, уеблэкІа зыгуэркІэ нэхъыбГынкІэ хъынущ, - и уасэр псом мелуани 6,1 къудейщ.

2010 гъэм и щэкІуэгъуэм УФ-м и прокуратурэм деж щІэІэ Следственнэ комитетым Іуэхугъэ зэхэгъэкІынымкІэ и управленэ нэхъыщІхьэм уголовнэ Іуэху кьиІэтат Германиеми и «Daimler Chrysler» автоконцерным Урысеим и къэрал Іуэхущ Іа ПІэхэм «Мерседес» автомобилхэр кьыхэзыририща щІыкІэм теуХуауэ. Аращ транспортыр кьамыщэхуу бдэжэнду кьащтэным унафэщІхэр езыхуІэ кьыщхьэусыгъуэ псоми къежьапІэ хуэхъуари.

Автомобиль лъапІэхэр бдэжэнду пІалъэ кІыхькІэ къэщтэнкІэ «кьалэн» нэхъыщІхьэ хуэхъуащ Урысей Федерацэм и Пенсэ фондми. Абы къэрал заказкІэ автомобиль 47-рэ бдэжэнду къещтэ, мы гъэм мэпльыжьыхьым и 1-м щыщІэдзауэ мэкъуауэгъэм и 30 хьуху лжьыхьэ ІуэхукІэ къигъэсэбэныну икІи 41-м водитель щхьэхуэхэр я гъэсэн хуейуэ къеГъэув. А Іуэхутхьбзэм фондым щІет сом мелуан 21,015-рэ. «Волга» нэхъыфІ дыдэм хуэдэу абы кьыщІэкІынут 35-рэ. Ауэ ар ди унафэщІхэм я дежкІэ тхъэмыщкІагъэм и теплъэ шынагъуэщ.

«Коммерсант» газетым и сайтым къитхащ.

КъБР-м и Оперативнэ штабым къет

2011 гъэм гъатхэпэм и 5-м Прохладнэ-Елъхъуэт автомобиль гъуэгум и 21-нэ километрым (Май район) деж хабзэхьымэ органхэм я лэжьакІуэхэр, пэуври, ВАЗ-21099 автомашинэр зыщыщІэтрагъэувыІащ. Абы иСар яубыдыну щыхуежьэм, Іэщэ ІэкІэ къаІэуэу хуежьэри, ар хабзэхьымэ дэжьакІуэхэм яуКІащ. КъыІэрыщІэкІамкІэ, хэкІуэдар республикэм щыІэ щэхурылажьэ банд-гупсыс яхэт, КъБР-м и Тэрч районым щыщ щыхут.

Зэхуэр къыщыхъуауэ щыпІэр кьыщапІытыжьмэ, «Файкал» газ кІэрахьуэр, щэ ипІхъэ хъууэ ящІыжар, миллиметри 9 калибр зиІэ шэуэ 3, Ф-1 гранат кьаГъуэтащ. А Іэщэ псори КъБР-м щыІэ МВД-м и экспертхэм хуагъэхьащ.

Іэщэ иІыгъыу хабзэхьымэ органхэм я лэжьакІуэхэм кьапэщІэувэу щІэпхьаджащІэр зэрыкІам теухуауэ уголовнэ Іуэху кьаІэтэщ ящІу УФ-м и Уголовнэ кодексым и 317-нэ, 222-нэ, 223-нэ статьяхэм тету.

А махуэ дыдэм террорым пэщІэтынымкІэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІым, Налшык кьалэм Кьалмыкым и уэрамым тет зи №237-м и щІыуэпэм кьыщагъуэта гъуэщІ пхъуантэм дэлъу кьыщІэкІащ «Сайга» щакІуэ фочэ, абы и щалъэ 2, миллиметри 7,62-рэ калибр зиІэ шэуэ 21-рэ, «ПМ» кІрахьуэ, миллиметри 9 калибр зиІэ шэуэ 8 зэрыльщалъэ щыгъуэ, «ПСМ» кІрахьуэ, миллиметри 5,45-рэ калибр зиІэ шэуэ 43-рэ, Ф-1 гранатэ, алюминий хьжьагъэ 1 килограммым нэблагъэ, кьрахьэкІ радиостанцу тІу, бинт, бжьэхуэ зэкІуэщІыщыхьаэхэр, хущхъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр. КьызэрахутамкІэ, а Іэщэ-фащэ псори зейуэ щытар республикэм щыІэ щэхурылажьэ бандэхэм яхэта, 2010 гъэм и дыдэгъэмазэ мазэм лагъым Іэрыщ щищІым кьаІуэу нукІа щІыхурэ.

Терроризм пэщІэтынымкІэ лэжьыгъэхэр езыгъэкІуэкІэхэр гъатхэпэм и 8-м щыщІэдзауэ «Сайга» щакІуэ фочэ, абы и щалъэ 2, миллиметри 7,62-рэ калибр зиІэ шэуэ 21-рэ, «ПМ» кІрахьуэ, миллиметри 9 калибр зиІэ шэуэ 8 зэрыльщалъэ щыгъуэ, «ПСМ» кІрахьуэ, миллиметри 5,45-рэ калибр зиІэ шэуэ 43-рэ, Ф-1 гранатэ, алюминий хьжьагъэ 1 килограммым нэблагъэ, кьрахьэкІ радиостанцу тІу, бинт, бжьэхуэ зэкІуэщІыщыхьаэхэр, хущхъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр. КьызэрахутамкІэ, а Іэщэ-фащэ псори зейуэ щытар республикэм щыІэ щэхурылажьэ бандэхэм яхэта, 2010 гъэм и дыдэгъэмазэ мазэм лагъым Іэрыщ щищІым кьаІуэу нукІа щІыхурэ.

КъБР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхухэмэ зэгъусэныгъэхэм ядэлэжьынымкІэ и министерствэмрэ КъБР-м и Журналистхэм я зэгъусэныгъэмрэ хьыбар фагъасІэ журналистикэм и ветеран, Урысеим и Журналистхэм я зэгъусэныгъэм хэт, «Тарбиэ» газетым и редактор нэхъыщІхьэу щыта **Кьер Михаил Хьид и къуэр** зэрыплІакІэ икІи абы и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Редактор нэхъыщІхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ З аурбэч

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщІхьэ), **ЖьэкІэмыкъыж Мариие** (редактор нэхъыщІхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариие** (редактор нэхъыщІхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжьыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къзбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цІэкІ цыІэ уэрам, 5, е6гъуанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщІхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщІхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьымэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлажьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пресмэхэмкІэ - 42-22-88; гъэзэжьыгъэмкІэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэщІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыІэ бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм ирегъэжьауэ щытащ.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуохьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрымыкІэ жуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыдэгъэхэм и 16-м №П-0065-м щІэту яТхащ.

Зы щІалэм газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и цІэкІ цыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыуэм елэжьахэщ: жуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкі Соня, редактору Жылаг Маритэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)* **ПхытІыкІ Юрэ** *(1, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэІэныкъуэгъу* **Далий Марьят.** *КомпьютерІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Мариие, Щомахуэ Мариане, ГъукІэлі Рае,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 9.233 ●Заказ №634

УзыфІэкІ мыхъуну къупхъэхэр

Цыхуэм Іуэхутхьбзэ щыхуащІэкІэ абы и хуитныгъэхэр, и сэбэп зыхэлъхэр кьызэрГъэпэща зэрыхъум кІэлъыплъ къэрал Іуэхущ Іапі эм - «Урысей потребнадзор»-м и гу лъывегъатэ: кьухъулъатэм итЫсхьэнухэр аэропортым кьызэрыщащІыгъэ сканерхэр зэрыщІэнущІыгъэ зэранщ.

КХЪУХЬТЪ АГАПІЭХЭМ кьыщагъэсэбэп рентген Іэмэпсымэ хэмкІэ куэдрэ хуэщІатэным лыщ, узыфэр кьитхъхьэнкІэ шынагъуэ щыІэщ. «Урысейпотребнадзор»-м апхуэдэ хьыбар кьрилъхьащ езым и сайтым.

Абы и пэжыпІэм радиостанцэм ящыщ зым хутепсэлъыхьырэ, кьэралым и санитар дохутыр нэхъыщхьэ Онищенкэ Геннадий зэрыжиІамкІэ, «апхуэдэ сканерым зэ убл экІымкІ микроэниерт 0,3-м кьыщыщІэдзауэ 0,4-м нэс кьуст». Ильэсым кьрыгъуэ зы щІыхуэ микроэниерт 10 нэхъ рэ нэхьыбэ кьыпІкъыхьэ хъунукъым, е нэгъэущІу жьыпІэмэ, апхуэдэ Іэмалхэмкіэ тІощІрэ фІэкІа укъапщІэ хъунукъым.

«Ильэс щэкІ э 24-рэ командировкэ сыщыІащ, жеІэ Онищенкэ Геннадий. Сыщыльатэжкіи сыкьыщыльтэжкІи апхуэдэу сыкьапщІытэмэ, ар 48-рэ мэхъу. Абы кьикІраци, сэ хуэдитІкІэ мардэм щІегъэгъуэ кьэпІпытэ хъунущ».

Кьухъулъатэм и «Домодедово» аэропортым и администрацэм «Интерфакс»-мкІэ щІыхуэм хьыбар яригъэщІащ кьызэрапщытэ рентген-сканерхэм лыщх узыфэр кьагъэхьеинкІэ щынагъуэ жьыхуАэхэр зэрымыпэжьи. Пресс-Іуэхущ Іапі эм кьыхэзыхащІэщыкІэ, абыхэм кьагъэсэбэпыр радиоволновэ сканерщ икІи апхуэдэ кьэпщІэныгъэм и зэран щІыхуэм зэремыкІынур. Сканерым и радиосигналыр хуэдэ мини 10-кІэ нэхъ мащІэщ жьыпІ телефоным кьыпкъыхьым нэхърэ. Абы кьыхэкІыуи, пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэм кьызэрилъытэмкІэ, сканерым дапхуэдизри ублэкІ хъунущ.

Абы кьыдэкІуэри, «Урысейпотребнадзор»-м щытрагъэчыныхьэ а Іэмэпсымэхэм я нурыр щІыхуэм ятридзэмэ, я узынщагъэм зэран хуэхъунущ. Аэропортхэм кьыщапщытэн хуейр нэхъ щэч зыхуащІэхэрауэ, щынагъуэнщагъэр апхуэдэ щІыкІэкІи кьыззбгъэпэщ зыхуэ кьыщащытэ а Іуэхущ Іапі эм.

Апхуэдэуи, узынщагъэр хьумэным кІэлъыплъ Іуэхущ Іапі эм кьызэрилъытэмкІэ, апхуэдэ сканер зэр метром щыбгъэуэвынми сэбэпынагъыщхуэ кьыщынукъым.

- Цыхуэм и Іэпкъльпкъыр зэуэ кьэпщІыгъэным мыхьэнэ нІэкъым, сыту жьыпІэмэ, абы зыгуэр кІэрыльми сканерым кьыхуэубыдынукъым ар и пІэм щимытым деж, - жеІэ Онищенкэ радиожурналистхэм. -Зыгуэрым щэч хуащІмэ, ар пэщхэкам щащІауэ кьапщІытэ хъунущ, - кьыхилъхьащ «Урысейпотребнадзор»-м и унафэщІым.

Мыбдежьым кьыхэзыщІыпхъэщ дуней псом и аэропортхэм хабзэ щыхуауэ щыхуэхэр сканеркІэ кьызэрыщапщытэр.

САДОВНИКОВ Николай.
«Известия».

Хамэ кьэралхэм я гъунапкъэр зэпаущІыну Белоруссием и унафэщІхэр, езы президентри яхэту, хуит ямыщІыкъкІэ, Лукашенкэ Александр зыкІи гуэзавэркъым. Уеблэмэ, абы зыщигъэпсэуни егъэт, иджыблагъэ Сочэ щыхьэщащ, и лэжьыгъэмкІэ Іуэхущхэу а кьалэм щимыІэу яльытэ пэтми.